## ″ТХЬЭ″Р ЗЭРАЛЪЫТЭ ЩӀЫКӀЭХЭМРЭ АДЫГЭБЗЭМ ЗЭРИЛЪЫТЭРЭ КЪЫЗЭРИӀУЭТАМ ТЕУХУАУЭ

БЖЬЫХЬЭ 2025 – БЕР ХЬИКМЭТ

Мыпхуэдэ псэлъащхьэм занщӀэу уигу къигъэкӀынур ″дин″рэ ″теологие″у зэрыщытыр жыӀэпхъэми, ди еплъыкӀэрэ лэжьыгъэхэри адыгэбзэм теухуауэ зэрыщытым зэрезэгъкӀэ, мы лэжьыгъэр ″Тхьэ″р зэрылъытапхъэ гупщысэрэ еплъыкӀэхэм къыщыщӀидзэу, адыгэбзэм щызэрыхэлъытэ псалъэм хуэкӀуэу къедгъэкӀуэкӀыну ди гугъэщ.

Ауэ икӀи, ″Тхьэ″м теухуа еплъыкӀэрэ гупщысэхэр зэрылъытэу къырагъэкӀуэкӀ логие лӀэужьыгъуэхэр зыхэзыубыдэ зы щӀэныгъэ дициплинэу лъытапхъэщ ″теологие″ри, ″Тхьэ″м теухуа щӀэныгъэу лъытапхъэ мы дициплинэри нэхъыбэу дин еплъыкӀэр зи лъабжьэ философие лӀэужьыгъуэу лъытэнри нэхъ игъуэу жыӀэпхъэнщ. – Ауэ, ″Тхьэ″мрэ ″дин″ыр фӀыкӀыпӀэ зимыӀэу зэпыщӀауэ лъытэнри щыуагъэщи, ″Тхьэ″ зымылъытэ ″дин″хэри зезыхьэ лъэпкъхэри зэрыщыӀэр гурыӀуэгъуэщ.

Дауи, ″теологие″ псалъэр къызытехъукӀа бзэри пэсэрей адыджыбзэращи, ар ″θεος λογος (Theos logos)″ псалъэхэр зэрызэгухьэу ″θεολογια (Theologia)″у утыку къихьа зы псалъэрщ.

Мы псалъэхэми зэрыхэплъагъуэу, алыджыбзэм и ″θ″ макъыр европэбзэхэм зэралъытэу зэрытхар ″th″уэ зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, нэгъуэщӀ алыджыбзэ псалъэхэми мы макъыр (θ) европэбзэхэм ″th″уэ къэӀуу зэралъытар гурыӀуэгъуэщ. Ауэ, алыджыбзэм мы и ″θ″ макъым и къэӀукӀэр икӀи ″ф″ макъым пэгъунэгъууи лъытапхъэщи, ар (θ) урысыбзэм и псалъэ гуэрхэм зэрыхиубыдэ щӀыкӀэри ″ф″ макъыу къэӀурэ зэрытхауэщ. НытӀэ, алыджыбзэ псалъэ лӀэужьыгъуэу, европэбзэ нэхъыбэм ″th″уэ хиубыдэрэ, урысыбзэми ″ф″уэ хиубыдэ зы псалъэри щапхъэу къэдгъэлъэгъуэнщ: «μύθοσ; mythos/mythe/myth; миф».

Нобэрей европэбзэ гуэрхэм ″тхьэ″ псалъэр ″theo, dieux, dios, dos″ хуэдэ псалъэхэмкӀэ зэрыхэт щӀыкӀэхэри алыджыбзэм ″тхьэ″р зэрыхэлъыта псалъэм зэрыпэгъуэгъури гулъытапхъэщ. ИкӀи, алыджыбзэр зи лъабжьэ ″theo″ псалъэр -мы зэрытха щӀыкӀэмкӀэ- адыгэбзэм и ″тхьэ″ псалъэми пэгъунэгъуу зэрылъытапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. ″Тхьэ″р тыркубзэми зэрыхэлъыта ″танры/тенгри″ псалъэри ″т″ макъ пэщӀэдзэкӀэ мы зэрыухуам ипкъ зэриткӀэ, ″theo″рэ ″тхьэ″ псалъэхэми пэгъунэгъуу лъытапхъэщ.

Дауи, алыджыбзэри хэтыжу, европэбзэхэмрэ тыркубзэми я ″тхьэ″ псалъэхэр зэрыухуа макъхэмкӀэ лъыта мыхьэнэуэ узэремыджэфынур гурыӀуэгъуэщ; ауэ, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм и ″тхьэ″ псалъэм хиубыдэ макъхэмкӀэ зэрыухуа мыхьэнэуэ узэреджэфынури гурыӀуэгъуэщ. Ауэ икӀи, адыгэбзэм имызакъуэу, мы бзэхэми я ″т″ макъым псалъэхэм хагъэзэщӀыхь къалэнхэр зэтеухуэрэ зэгъунэгъууи лъытапхъэщ.

Мыбыхэм нэмыщI, Сами -Саам- бзэхэми ″Тхьэ″р зэрыхэлъыта псалъэхэр ″муслимэн″ диным теухуауэ ″Аллахь″у, ″яхуди″ диным теухуауи ″Алохьим″у зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, мы псалъэхэм лъабжьэ яхуэхъуари Ибрахьим бегъымбарым ″Тхьэ″р зэрилъытэу щыта ″Ал″рауэщ зэралъытэр. Аргуэру къыпыщапхъэмэ, ″ал″ псалъэр хьэрыпыбзэ псалъэхэм ипэ къиухуэу ″артикл″ къалэн зыгъэзащIэм и къэIукIэ зиIэрщи (пп: Ал Арабий), ″ал″ым и ″а″ макъыр къызэрыIу щIыкIэри адыгэбзэм и ″Iэ″ макъым хуэдэу лъытапхъэщ. Ауэ, ″аллахь″ псалъэр адыгэбзэм -и фонетикэми зэрезэгъкIэ- ″алыхь″у къызэриIуу къыхэхьарэ щызекIуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

″Теологие″м къыщыщIэддзэу мыхэри къыпытща щхьэ, мы тхыгъэр ″теологие″м теухауэ зэрыщымытыр гурыIуэгъуэнщи, мы тхыгъэм и Iуэху нэхъыщхьэр адыгэбзэм и ″тхьэ″ псалъэм теухуауэ зэрыщытыр къыхэгъэщыпхъэщ. Ауэ, бзэ гуэрхэм ″Тхьэ″р щызэрыхэлъытэу мы зи гугъу тщIахэм нэмыщI, мы илъабжьэми ″Тхьэ″м теухуа еплъыкIэрэ гупщысэм икIи къигъуэгурыкIуа лъагъуэм гулъытэ хуэщIынри игъуэщ.

*

НытIэ, мыбдежми зэмылIэужьыгъуэ философхэм ″Тхьэ″м теухуа я еплъыткIэрэ гупщысэхэм я гугъу щIынрэ нобэм къыздэс къигъуэгурыIуа лъагъуэм гулъытэ хуэтщIынри иугъуэщ.

Сократ (Socrates) нэгъунэ Адыдж философхэм я гупщысэхэр нэхъыбэу мы дунеймрэ щIы хъурейм теухуауэ зэрыщытар гурыIуэгъуэщи, икIи абыхэм я ″Тхьэ″ еплъыкIэхэри пэсэрей Алыдж Пантеонэм зэрытеухуари жыIэпхэщ. Ауэ, Сократ ипэ философхэм мы Алыдж мифологием хиубыдэ ″Тхьэ″хэр зымыдэ еплъыкIэ зиIэ гуэрхэр (пп: Демокритос) яззрыхэтари гурыIуэгъуэщ. Дауи, Сократ-рэ ар зи егъэджакIуэу икIи тегъэщIапIи зыхуэзыщIа Платон-ми (Platon) ″Тхьэ″уэ ялъытэу щытар пэсэрей Алыжхэм я Тхьэхэрауэ лъытапхъэщ. Мы ″Тхьэ″хэр икIи антропоморфикэ лIэужьыгъуэу зэрыщытахэри гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ, Платон и еджакIуэуи щыта ″Аристотел″рауэ (Aristoteles) жыIэпхъэщ япэу ″Тхьэ″м теухуа гупщысэхэр утыку къизылъхьар. ″Тхьэ″р философие еплъыкIэкIэ зэрылъытапхъэ гупщысыхэрщ мыхэри, сытми и къежьапIэрэ и япэрей хьэрычэту, сытми и лъабжьэрэ дэтхэнэ зы къэхъуныгъэми щхьэусыгъуэ -″premiére raison″- хуэхъурауэ, зыми емылъытапхъэрэ зэпэщыгъуэущ Аристотел ″Тхьэ″р зэрилъытар.

ИужькIэ куэд дэмыкIыу кристан динри утыку къихьэу, Европэри курыт лъэхъэнэм зэрыхэхьар гурыIуэгъуэщи, абы къыщекIуэкI гупщысэ лIэужьыгъуэрэ еплъыкIэ закъуэу щыт ″теологие″ри фIыуэ лъэщ зэрыхъуарэ, кристан динымрэ и ″Тхьэ″ еплъыкIэм теухуауэ философие куухэр къыщекIуэкIауи лъытапхъэнщ.

Ауэ, курыт лъэхъэнэ нэужьым Алыдж еплъыкIэрэ гупщысэхэр Евопэм аргуэру къигъэунэхужауэ зэрыщытар гурыIуэгъуэщи, мы зэманыгъуэм философу япэрауэ ″Декарт″ (Descartes) –икIи математик- и цIэр

къиӀуапхъэщ. Гурыщхъуэщӏыу щытауэ ялъытэ Декарт и псалъэ цӀэрыӀуэрщ ″согупщысэ, нытӀэ сыщыӀэщ″ псалъэри, гупщысэкӀэрэ - метафизикэу- езым и щыӀэгъуэм хунэсу, и щыӀэгъуэ лъабжьэрэ и щыгъуэкӀэрэ езыр зэрыщыӀэм –гурыщхъуэ хэмылъу- и фӀэщ зэрыхуэхъуауэ лъытапхъэ мы псалъэр Декарт нэужьми зы жыӀэгъуэу щызекӀуэу щытщ. Аращи, цӀыхум езым гу зызэрилъытэжрэ езыр и щыӀэгъуэкӀэ къызэрыгурыӀуэж метафизикэ эксперимент лӀэжьыгъуэу щыт мы псалъэр ипэ иту, нэгъуэщӀ и еплъыкӀэхэри иужьрей гупщсыкӀэхэм лъабжьэрэ щхьэпэ -е зэран- яхуэхъуауэ жыӀэпхъэщ. Ауэ, Декарт и ″Тхьэ″ еплъыкӀэр езыр зыхэзыубыдэ кристан диным щхьэщыкӀыуи лъытапхъэкъым.

Декарт -нэужьуи лъытапхъэми- и зэманыгъуэхэм хуэзэу абы нэгъунэ динрэ ″Тхьэ″ еплъыкӀэу къекӀуэкӀыу щытам щхьэщыкӀыныгъэшхуэ зыхуиӀэ гупщысэщӀэ гъэщӀэгъуэнхэр утыку къизылъхьар ″Спинозэ″ращ (Spinoza). Аращи, натуралу мы къэхъу-къэщӀыгъуэрэ къекӀуэкӀхэри зыхэзыубыдэу космикэущ Спинозэ ″Тхьэ″р зэрилъытари, езыр щыпсэуа зэманыгъуэм мы и еплъыкӀэр къызыдэзӀыгъыну цӀыху щыгъуэтэнри гугъут; ауэ, иужькӀэ абы мы и ″Тхьэ″ лъытэкӀэр къэзыщтарэ дэзыӀыхьари мащӀэкъым.

″Тхьэ″м теухуа еплъыкӀэрэ гупщысэ зиӀэу Спинозэ нэужьу зи цӀэр къиӀупхъэу лъытапхъэрщ ″Хыум″ри (Hume), зи щыӀэгъуэм кӀэ зиӀэм – цӀыхум- зи щыӀэгъуэм кӀэ зимыӀэр къызэрыгурымыӀуэфынур; езым щхьэщыкӀрэ трансанданталу щыт ″Тхьэ″р цӀыхум рационалу зэримылъытэфынур жызыӀараш Хыум.

″Хыум″ нэужьу -и зэманыгъуэгъууи лъытапхъэу- щыт ″Кант″ (Kant) трансандантацэр нэхъыбэу зезыхьа философу щытами, ″Тхьэ″р трансанданталу илъытауэ жыӀэпхъэкъым. ″Тхьэ″р рационалу гурыӀуэгъуэ мыхъуну зэрилъытэм хуэдэжу, ″метафизикэ″м и зы ″объект″у лъытэнрэ икӀи зы ″онтологие″ лъытэкӀэ/пӀэ етынри имыгъуэу зылъытэ Кант ″Тхьэ″р нэхъыбэу ″цӀыху гъащӀэ″м и ″этикэ″м теухуа ″постулат″ущ зэрилъытар.

Кант нэужь философ цӀэрыӀуэу сытри диалектикэ систематикэу утыку къизылъхьэ ″Хьегэл (Hegel)″ и ″Тхьэ″ гупщысэкӀэри мыпхуэдэу жыӀэпхъэщ: щыӀэгъуэ зэхъуэкӀ формэкӀэрэ зекӀуэ ужьыгъуэ лъагъуэм – ″просес″ым- дэтхэнэ зы щыӀэгъуэ зиӀэм хуэдэжу цӀыху гъащӀэми зыщигъэлъэгъуэу илъытэу щытауэ жыӀэпхъэщ ″Тхьэ″р... – гурыӀуэгъуэмэ.

Хьегэл нэужьу ″Тхьэ″м теухуа гупщысэщӀэ зиӀэхэм я нэхъыщхьэу лъытапхъэр ″Ницшэ″рагъэнщи (Nietzshe), абы езым ипэ блэкӀа философхэм щыщу пщӀэ зыхуищӀ закъуэри Спинозэ-у къыщӀэкӀынщ. Антикристу зызлъытэрэ Зарадустра (Зэрдушт) и диныр игум нэхъ техуэу щыта Ницшэ цӀыхур зылъахъэу щыт ″Тхьэ″р цӀыхум гущӀэгъу зэрыхуищӀым текӀуэдарэ илӀыкӀауэщ зэрилъытэр. НытӀэ, ″Тхьэн″шэу къэна цӀыхур ″нихьилизмэ″м (nihilisme) зэрыхэмыкӀуэдэнум и хэкӀыпӀэри

″цӀыхушхуэ″ (Übermensh) хъуну зэрыхущӀэкъу лъагъуэм ирикӀуэн хуейуэщ зэрилъытэр.

″Тхьэ″м теухуауэ Ницшэ къыздынэсам къыпищэж пэлъытэу, ″Тхьэ″м пыщӀарэ пэплъэу щыт цӀыхум зыри пщэрылъ къызэрыхуэмыхъунурэ, зыри къызэримыгъэщӀынур зылъытаращ ″Сартр″ (Sartre). Сартр зэрилъытэмкӀэ дунейр мыхьэнэншэщи, мыхьэнэ къэгъэщӀын къызытехуэри цӀыхуращ; цӀыхур сытри къилэжынкӀэ хуитщи, цӀыху щыӀэгъуэр -фӀэкӀыпӀэ имыӀэу- щхьэхуитыныгъэу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ, цӀыхум ищӀрэ ищӀэр пщэрылъи къызыхуэхъужырщ.

Дауи, мыбыхэм къакӀэлъыкӀуэ философхэми ″Тхьэ″р нэхъыбэу ялъытэ зэрыхъуа щӀыкӀэхэр ″Спинозэ″м деж къыщӀидзэу ″Ницшэ″рэ ″Сартр″ри зытет лъагъуэрауэ жыӀэпхъэнщи, мыпхуэдэуи цӀыхур и щыӀэгъуэкӀэрэ щхьэхуиту зэрыщытрэ пщэрылъи зиӀэжу зэрылъытар гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ, ″Тхьэ″м теухуауэ мы къыхэдгъэщахэр Европэ спекулатив гупщысэ лӀэужьыгъуэхэу зэрыщытыр гурыӀуэгъуэщи, мыхэр аналитикэ лъабжьэ зиӀэ гупщысэхэу зэрыщымытри наӀуэщ. Аращи, къэзыӀуатэхэм я бзэхэм ″тхьэ″ псалъэр зэрыхэлъыта щӀыкӀэхэм елъытарэ теухуауэ зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщ мы гупщысэхэри, икӀи европэбзэхэм я ″тхьэ″ псалъэхэм мыпхуэдэ гупщысэхэр къызэрыхэмыхъукӀынури жыӀэпхъэнщ.

***

Мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа философхэм спекулатив гупщысэкӀэу къаӀуэтахэм ″Тхьэ″р ″щыӀэ″рэ ″щымыӀэ″у, ″псэу″рэ ″лӀа″уэ е ″кӀуэда″уэ зэралъыта щӀыкӀэхэр гурыӀуэгъуэщи, мыхэр мыпхуэдэу къызэрыӀуэта бзэхэмкӀи игъуэу къыщӀэкӀынщ. Ауэ, ″Тхьэ″р щыӀэрэ щымыӀэжу е лӀарэ кӀуэдауэ лъытэныр адыгэбзэкӀэ къызэрымыӀуэтапхъэрэ игъуэуи зэрымылъытапхъэр жыӀэпхъэщи, мыпхуэдэу зэрыщытри адыгэбзэм ″щыӀэн″рэ ″лӀэн″ыр е ″кӀуэдын″ыр щызэрыхэлъытэ щӀыкӀэхэм теухуащ.

Аращи, ″Тхьэ″р мыпхуэдэ псалъэхэмкӀэ щӀэмылъытапхъэр -зэрыжытӀауэ- ″щыӀэ″рэ ″щыӀэгъуэ″р е ″псэун″рэ ″лӀэн″ыр е ″кӀуэдын″ыр адыгэбзэм зэрилъытэ логиеращ зэлъытарэ зытеухуари, икӀи а нэхъ логие лъэщу лъытапхъэ ″псэлъэбзэ″р лъэпкъым и логиеу зэрыщыткӀэ, адыгэбзэм и логием емызэгъыр ар къэзыпсэлъ цӀыхуми логие пэж зэрыхуэмыхъунур гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, мы илъабжьэм ″щыӀэ″рэ ″щыӀэгъуэ″р икӀи ″псэун″рэ ″лӀэн″ыр е ″кӀуэдын″ псалъэхэм зыхиубыдэ макъхэмкӀэрэ ягъуэта мыхьэнэхэм щыгъуазэ дыхуэхъунри игъуэщ.

ЗэрыгурыӀуэгъуэу, щыӀэгъуэ лъабжьэ мыхьэнэ зиӀэ ″щ″ макъым зы ″зэманыгъуэ пыухытыкӀа″кӀэрэ (Ӏэ) зызэригъэлъагъуэрауэ лъытапхъэщ ″щыӀэ″ псалъэм и мыхьэнэри, нытӀэ, ″щыӀэ″у щыжыпӀэм деж, Тхьэ″р зы ″зэманыгъуэ″ лӀэужьыгъуэу -ари зы ″зэман пыухытыкӀа″кӀэ- щыӀэгъуэ зиӀэу зэрылъытэр гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, ″щыӀэгъуэ″ псалъэри ″щыӀэ″ псалъэм щхьэщыкӀыщэу лъытапхъэкъыми, ″щыӀэгъуэ″ми еджэкӀитӀ иӀэщ: и зы еджэкӀэр ″щыӀэ″у хъуар зэрыщыту зыхэзыубыдэу -″космос″у-

лъытапхъэрщ; адрей и еджэкlэри дэтхэнэ зы ″щыlэ″р щыlэу щытрэ иту зэрызекlуэу -″гъуэ″уэ- лъытапхъэрщ. Нытlэ, мы еджэкlитlми ″щыlэ″м хуэдэу зы ″зэман пыухытыкlа″уэщ ″щыlэгъуэ″ жыхуэтlэри зэрылажьэрэ зэрылъытэри, зыхуэдизыр мынаlуэ мы ″зэман пыухытыкlа″р ″зэманыгъуэшхуэ″у е ″зэманыгъуэ цlыкlу″у дауи лъытэ, lуэхур зэхъуэкlыщэкъым.

Щыlэгъуэ лъабжьэу лъытапхъэ ″щ″ым ″зэманыгъуэ пыухытыкlа″м (lэ) зызэригъэлъагъуэ мы еджэкlэхэм нэмыщl зы еджэкlи щыщиlэщ ″щ″ым адыгэбзэми, бжыгъэ лlэужьыгъуэу ″щы″уэ узэреджапхъэрщ. Дауи, ипэкlи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, бзэр зэрыхъун хъуа нэужьщ бжыгъэцlэхэр - бзэм хиубыдэ игъуэ псалъэ гуэрхэмкlэ- зэрылъытари, ″3″ бжыгъэр зэрылъыта ″щы″ри мы ипэкlэ зи гугъу тщlа ″щ″ макъ мыхьэнэр лъабжьэ зыхуэхъуа бжыгъэцlэу лъытапхъэрщ. Нытlэ, ″щы″р зы бжыгъэцlэу мы зэрылъыта щlыкlэу ″щыlэ″ псалъэм узэреджапхъэри мыпхуэдэу лъытапхъэщ: «″щы″уэ (3) зэхэлъыр -″измерение″ищыр (3 boyut/buut)- ″зэман пыухытыкlа″кlэрэ (lэ) лажьэу зэрыщыт».

Мы еджэкlэр ″щыlэгъуэ″рэ ″зэманыгъуэ″м теухуа ″координат системэ″ еджэкlэу зэрыщытыр гурыlуэгъуэщи, ″геометрикэ координат системэ″у – икlи абы щыхэлъытэ ″щыlэ″хэу- ″измеренищ″у зэпкъырылъыр утыку къызэрихьэ лъабжьэрэ икlи зэрылажьэр ″зэман координат системэ″рауэ – ″геометрие системэ″м и ″измеренищ″ым лъабжьэу зы ″зэман измерение″ къыхэхьэжу- зэралъытэри гурыlуэгъуэщ.

Ауэ, ″щ″ макъыр ″щыlэгъуэ лъабжьэ″ зи мыхьэнэуэ е ″3″ бжыгъэр зэрылъытэ ″макъ псалъэ″у (щы) дауи лъытэ, ар ″щыlэ″ псалъэрэ ″щыlэн″ глаголым ″префикс″ущ зэрыхиубыдэр. Ар щыхъукlи, зы ″зэман пыхытыкlа″кlэрэ лажьэу лъытэну ″щыlэ, щыlэн″ псалъэр ухуэн папщlэ, япэрауэ ″щ″ макърэ ″щы″ псалъэр ″кондицэ″у лъытэн зэрыхуейр гурыlуэгъуэщи, икlи зэрыухуагъэхххэу зы ″езырыжрэ статя префиксиал глагол″у утыку къихьэ ″щыlэн″ глаголым и префиксыр ″щыlэгъуэ лъабжьэ″ мыхьэнэ зиlэ ″щ″ макърауэ лъытэнри нэхъ игъуэу лъытапхъэщ.

Икlи гурыlуэгъуэщ ″глагол″хэм иужькlэ ″префикс″ яхуэхъу ″щ″ макъым яхуигъэзащlэ къалэныр ″зэман/мекан″ (time/space) лъытэу зэрыщытри, мыпхуэдэу ″зэманыгъуэ″рэ ″универсал/космикэ щlыпlэ″ зэрылъытэри мы ипэкlэ ″щ″ макърэ ″щы″ псалъэм теухуауэ къэтlуэтахэм хуэдэ мыхьэнэуэ – я мыхьэнэгъуу- зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэнщ.

Дауи, ″щыlэ, щыlэн″ -″щыlэгъуэ″- псалъэм ″кондицэ″у -″префикс″у- хиубыдэ ″щ″ макъыр ″щыlэгъуэ лъабжьэ″ зи мыхьэнэуэ е ″зэман/мекан″у лъытэ, е ″3″ бжыгъэр зэрылъытэ ″макъ псалъэ″у (щы) лъытэ, ″Тхьэ″р ″щыlэ″рэ ″щыlэгъуэ″у плъыта нэужь, ар ″зэманыгъуэ″ущ зэрыплъытэри, ″зэманыгъуэшхуэ″у е ″зэманыгъуэ цlыкlу″у плъытэм къикl щыlэжкъым. Аращи, ″Тхьэ″р зы ″щыlэ″ лlэужьыгъуэу е ″щыlэгъуэ″м езырауэ – ″космикэ″у- зэрылъытэм зэщхьэщыкlыныгъэщэ зэрызыхуамыlэри гурыlуэгъуэнщ.

Икӏи, ″кӏуэдын″ псалъэри ″щыӏэ″рэ ″щыӏэгъуэ″ зиӏэу, зыдэщыӏэ щӏыпӏэр мынаӏуэ хъуар зэрылъытэрщи, нытӏэ, ″Тхьэ″р ″щыӏэ″рэ ″щыӏэгъуэ″у щылъытапхъэм дежщ ар ″кӏуэд″рэ ″зигъэкӏуэд″уи зэрылъытапхъэнур. ″Куэдын″ыр зыхуэфащэр ″щыӏэ″ лӏэужьыгъуэхэращи, икӏи ″щыӏэ″ жыхуэтӏэхэри ″псэ зыӏут″рэ ″псэ зыӏумыт″ лӏэужьыгъуэу ″щыӏэгъуэ″ зиӏэхэрауэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ. Нытӏэ, псэ зыӏутрэ зыӏумыту, икӏи ″псэ зыӏут″хэри ″къэкӏыгъэ″рэ ″псэущхьэ″у дауи лъытэ, мыхэр ″щыӏэ″рэ ″щыӏэгъуэ″у лъытэнращи, ″Тхьэ″р ″щыӏэ″рэ ″щыӏэгъуэ″у лъытапхъэмэщ мыпхуэдэ лӏэужьыгъуэуи зэрылъытапхъэнур.

*

Зэрыгурыӏуэгъуэу, ″псэлъэбзэ″р ″щыӏэ″хэр псалъэхэмкӏэ зэрылъытэу лажьэ зы логие системэ лӏэужьыгъуэрщи, щыӏэу мылъытапхъэхэр лъытэн хуейуэ щытмэ, зэрылъытэну щӏыкӏэхэри щыӏэу лъытагъэххэхэм елъытауэщ псэлъэбзэм зэрилъытапхъэр. Аращи, щыӏэр зылъытэ псэлъэбзэм щыӏэу щымытхэр зэрилъытэфынури ″потенциал щыӏэ″ лӏэужьыгъуэущи, ″иджы″м щыӏэу мылъытапхъэу е ″блэкӏа″рэ ″къэкӏуэну″ зэманыгъуэми иджыркӏэ щыӏэу мылъытапхъэу зэрыщыткӏэрэщ зэрилъытэр.

Мы къэтӏуэтахэм зэрезэгъщ адыгэбзэм псалъэхэр ″мыхъуныгъэ″у - ″мыхъупхъэ″у- зэрилъытэри, ″хъупхъэ″у ухуагъэххэ зы псалъэр ″мыхъуныгъэ″у зэрылъытэ зы щӏыкӏэри а псалъэр (пп: ″щыӏэн″) и лэжьэкӏэу (пп: щыӏэ) кӏуэдыпӏэм хуэкӏуэу ″къым/ӏым″ кӏэухкӏэрэ зэрылъытэрэ къызэрыӏуущ (пп: щыӏэкъым); ″мыхъуныгъэ″ зэрылъытэ адрей щӏыкӏэри ″хъупхъэ″ лӏэужьыгъуэ зы псалъэр (пп: щыӏэн) зэрылажьэ и ӏыхьэр -″глаголыпкъ″ыр (пп: ″...ӏэ″) е ″занщӏэ глагол″у зэрыщыту- ″мы″ префикскӏэрэ ″мыхъуныгъэ″у (пп: ″...мыӏэ″) зэрылъытэу –ауэ глагол ″префикс″ыр (пп: ″щы...″) мыхъуныгъэу зэрымылъытэу- къызэрыӏуатэри гурыӏуэгъуэщ (пп: щымыӏэ).

Нытӏэ, щыӏэрэ щыӏэгъуэу зэрылъытам елъытащ мыхъуныгъэи зэрылъытэнури, глаголыр и лэжьэкӏэу зэрыщыту ″къым″ кӏэухкӏэ мыхъуныгъэу лъытэ, е, и ″глаголыпкъ″щхьэрэ ″занщӏэ глагол″ыщхьэм къыпыхьэ ″мы″ макъкӏэрэ а глаголыр ″мыхъуныгъэ″у лъытэ, мы ипэкӏэ къэта щапхъэхэми зэрыхэплъагъуэу, ″хъупхъэ″рэ хъугъэу лъыта ″щыӏэ, щыӏэн″ псалъэращ ″мыхъупхъэ″у ″щымыӏэ, щымыӏэн″у зэрылъытэр.

Мы къэтӏуэтахэм гурыӏуэгъуэ къызэрытхуащӏщи, ″Тхьэ″р ″щыӏэ″у зэрылъытэм елъытащ ″щымыӏэ″уи зэрылъытэну щӏыкӏэри, ″щыӏэ″у лъытэныр игъуэмэ, ″щымыӏэ″у лъытэнри игъуэщ.

Дауи, адыгэбзэм ″Тхьэ″р мы ″щыӏэн, псэун, кӏуэдын, лӏэн″ хуэдэ псалъэхэмкӏэ зэримылъытэрэ къызэримыӏуэтапхъэм хуэдэжу, мы псалъэхэм я мыхъуныгъэ псалъэхэмкӏи (щымыӏэ; мыпсэу; мыкӏуэд; мылӏэ) зэримылъытэрэ къызэримыӏуэтапхъэри гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ икӏи, адыгэбзэм мы зэрилъытэ щӏыкӏэхэм хуэдэу лъытапхъэщ нобэрей динхэмрэ теологеим, икӏи ипэкӏэ щыгъуазэ дызыхуэхъуа философ гурхэми ″Тхьэ″р

зэралъытэ щІыкІэхэр. Аращи, -"щыІэ"рэ "щымыІэ" псалъэхэр ипэ зэриту-мы "хъупхъэ" псалъэхэмрэ икІи я "мыхъупхъэ" лІэужьыгъуэ псалъэхэр "Тхьэ"р зэрылъытапхъэ категориеу зэрымылъытапхъэхэри жыІэпхъэнщ.

*

Мы къэтІуэтахэмкІэ гурыІуэгъуэщ "Тхьэ"р "щыІэ"рэ "щыІэгъуэ"у е "щымыІэ"рэ "щымыІэгъуэ"у зэрымылъытапхъэри, нытІэ, "Тхьэ"р "щыІэгъуэ"м икІрэ щхьэщыкІыу е "щыІэгъуэ щыб"у зэрылъытапхъэрэ зэрымылъытапхъэми еплъын хуей.

ИпэкІи зэрыжытІауэ, "псэлъэбзэ"м и "псалъэ"хэмкІэ илъытэхэр щыІэрэ щыІэгъуэ зиІэхэрщи, икІи щымыІэрэ щыІэгъуэ зимыІэхэр зэрылъытэри щыІэрэ щыІэгъуэм елъытауэ зэрыщытри гурыІуэгъуэщ. НытІэ, щыІэу щымытрэ зэй щыІауэ е щыІэну щымытхэри псэлъэбзэм занщІэу щхьэхуэу зы псалъэкІэрэ къызэримыІуэтапхъэри гурыІуэгъуэнщи, мыхэри бзэм зэрилъытэну щІыкІэхэр щымыІэрэ щыІэгъуэ зимыІэхэр зэрилъытэм хуэдэжу, щыІэгъуэ зиІэхэм –хъунхъэ лІэужьыгъуэ псалъэхэм- елъытауэ зэрилъытэу къиІуэтэнуи къыщІэкІынщ.

Ауэ, щыІэу щытрэ щыІэгъуэ зиІэхэр илъытэу, икІи "щымыІэ"хэри "щыІэ потенциал"у зылъытэ псэлъэбзэм мыпхуэдэу "щыІэ потенциалу"и щымытрэ "щыІэгъуэ щІыб"у лъытапхъэхэр илъытэнрэ къиІуэтэнри мыхъуныгъэ Іуэхуу лъытапхъэнщ. НытІэ, мыпхуэдэр псэлъэбзэм илъытэныр мыхъуныгъэрэ гугъуу щытрэ фІырыфІкІэ имылъытэну щытми, мыпхуэдэхэр фІэкІыпІэ имыІэу къэІуэтэн хуейуэ щытмэ, мыпуэдэ псалъэхэри къызытехъукІынури "хъупхъэ" лІэужьыгъуэ "псалъэ"хэрауэ зэрыщытынур гурыІуэгъуэнщ. Аращи, "щыІэгъуэ щІыб" зэрылъытапхъэ псалъэр къызытехъукІынури "щыІэ, щыІэгъуэ" псалъэр зэрыщыту – псалъэр утыку къызэрихьа "кондицэ"ри (щ)- "мыхъуныгъэ"у зэрылъытэкІэрэщи, мыбы папщІи, бзэм лэжьэкІэу егугъунрэ егъэлеини хуейуэ зэрыщытынури гурыІуэгъуэнщ.

НытІэ, мы къэтІуэтахэмкІэ гурыІуэгъуэщи, "щыІэ, щыІэгъуэ"у "хъупхъэ" лІэужьыгъуэу ухуагъэххэ псалъэр "щыІэгъуэм икІа"рэ "щыІэгъуэ щІыб"у зэрылъытэнур "щыІэ, щыІэгъуэ" псалъэр а зэрыщыту -"мы"кІэрэ къежьэу- "мыхъуныгъэ"у зэрылъытэущ: «мыщыІэ; мыщыІэгъуэ».

Мыпхуэдэуи, "хъупхъэ" псалъэ лІэужьыгъуэу щыт "щыІэ"р -и пэщІэдзэрэ "префикс"ри хэтыжу- зэрыщыту "мыхъуныгъэ"у лъытащи, "щыІэ" псалъэм и етІуанэ Іыхьэ "Іэ"м зыщызгъэлъэгъуэну "щ"ыри "мыхъуныгъэ"у мы зэрылъыта -"мыщыІэ"- щІыкІэр "щыІэ"м и "абсолудэ мыхъуныгъэ"рэ "щыІэгъуэ щыб"у –"космос"ым химыубыдэр- зэрылъыта щІыкІэрщ.

Ауэ икІи, "щыІэ" псалъэм и пэщІэдзэ "щ"ыр мыхъуныгъэу лъыта нэужь, абы къыкІэлъыкІуэхэри мыхъуныгъэу лъыта мы "щ"ым елъытауэ лажьэу – нытІэ мыбдежым "мылажьэ"у- зэрылъытэнури гурыІуэгъуэщ. ИкІи, псалъэ пэщІэдзэ "щ"ыр "мыхъуныгъэ"у лъыта нэужь, абы къыкІэлъыкІуэхэр къэІун хуейуи лъытапхъэнкъым. НытІэ, "щыІэ" псалъэм и пэщІэдзэрэ и

″кондицэ″уи щыт ″щ/щы″ префиксыр ″мыхъуныгъэ″у щылъытэм деж, ″Iэ″кIэрэ лэжьэну ″щ/щы″р ″абсолуд″у ″щымыIэж″у зэрылъытагъэххэм зэрезэгъкIэ, абы къыкIэлъыкIуэу ар зэрылэжьэну ″Iэ″ми ухуэныкъуэжкъыми, ″щыIэ″ псалъэр зэрыщыту ″мы″кIэрэ мыхъуныгъэу зэрылъытэ ″мыщыIэ″р ″мыщ″у лъытэнрэ къэIуэтэнри игъуэщ.

Мыбдежым аргуэру къыхэгъэщыпхъэщи, ″щыIэ″ псалъэм и ″префикс″ыр ″щыIэгъуэ лъабжьэ″ зэрылъытэ ″щ″ макъыу зэрылъытапхъэм нэмыщI, ″3″ бжыгъэр зэрылъытэ ″макъ псалъэ″у ″щы″уи лъытапхъэщи, нытIэ, ″мыщыIэ″р къызэрыIупхъэу мы зи гугъу тщIа ″мыщ″ыр икIи ″мыщы″уи –мы″3″уи- зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщ. Дауи, ″щ″ыр ″щыIэгъуэ лъабжьэ″ зэрылъытапхъэм нэмыщI, ″щы (3)″ри геометрием и ″измеренищ″ зэрылъытэрщи, нытIэ, ″щы (3)″р ″щыIэгъуэ лъабжьэ″ лъытэ ″щ″ым елъытауэ нэхъ Iупщl мыхьэнэ зиIэ щхьэ, ″щ″ым хуэмыхьэнэгъууи лъытапхъэнщ. ИкIи, ухуагъэххэ глаголхэм ″префикс″ яхуэхъу ″щ″ макъри ″зэман/мекан″ лъытэу зэрыщыткIэ, мы зи гугъу тщIа ″щ/щы″ми я мыхьэнэгъуу лъытапхъэрщ.

НытIэ, ″щ/щы″уэ мы зи гугъу тщIы ″префикс″хэр мыхьэнэ зэпэгъунэгъуу зэрыщытым хуэдэу лъытапхъэщ ахэр ″мыхъуныгъэ″у щылъытэкIэ утыку къихьэну мыхьэнэхэри –зэпэгъунэгъуу- зэрыщытынур. Аращи, мы ″мыщ″у лъытэр щыIэгъуэ лъабжьэр (щ) ″абсолуд″у ″мыхъуныгъэ″ зэрылъытэрщ; ″мыщы″у лъытэри –икIи ари ″мыщ″уи (мы″3″) къэIупхъэщ- щыIэр утыку къызэрихьэну геометрикэ ″измеренищ″ыр (3) ″абсолуд″у ″мыхъуныгъэ″у зэрылъытэрщ. Ауэ икIи, мыбыхэм щыщу ″щыIэ″ псалъэм хиубыдэ ″щ″ыр ″щыIэгъуэ лъабжьэ″у философие лъытэкIэр ″Тхьэ″р зэрылъытапхъэнум нэхъу зэрыхуэигъуэри гурыIуэгъуэнщ.

Дауи, ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ ″мыщыIэ″ псалъэр адыгэбзэм фIырыфIкIэ къимыгъэщIынурэ щыземыкIуэну зы псалъэу щытщи, ар икIи къызэрыIуэтапхъэу тлъыта ″мыщ″ыр -утыку къимыхьарэ къэмыунэхуауэ- ″щыIэгъуэ зымыгъуэт″ зэрылъытэу адыгэбзэм щызекIуэ зы псалъэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

ИкIи, Адыгэ мифологием хэт ″Амыщ″ри мыбдежым зи гугъу тщIы ″мыщ″ыр зэй щыну зэрыщымыткIэ ″а″ пэщIэдзэкIэ лъытауэ зы псалъэуи лъытапхъэнщи, мыпхуэдэу лъыта мифологие типологием -лIыхъужьым- и къалэнри ″щыIэ мыхъуххэн″ зэрылъытэу жыIэпхъэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, ″Амыщ″ыр ди IуэрыIуатэхэм зэрыхэт щIыкIэр ″псэущхьэ ябгэ″хэм я ″Тхьэ″у зэралъытэущи, икIи, ″амыщ″ псалъэр ″псэущхьэ ябгэ″у ″Iэщ мыхъу″м –″Iэщ мыхъуххэн″ум- теухуауэ лъытэнри игъуэу къыщIэкIынщ. Ауэ икIи, ″псэущхьэ ябгэ″у ″Iэщ мыхъу″р ″Iэмыщ″у лъытэныр зэрыигъуэри зэрыгурыIуэгъуэу, мы псэлъитIыр -″Амыщ″рэ ″Iэмыщ″ыр- IуэрыIуэтэжурэ зы псалъэм -″Амыщ″ым- къытенэжагъэнуи лъытапхъэнщ.

Дауи, ″мыщ″ псалъэм дыхуэкIуэжмэ, ″щыIэ″у утыку къихьэр ″щыIэгъуэ зыгъуэт″ращи, мыри япэрауэ ″щ/щы″р зэрылъытэу зэрызэгъэпэщрэ игъуэ

щыхъуращи, ар щыигъуэри ″щ/щы″м ″итыгъуэ″рэ ″гъуэ″ щигъуэту ″щыгъуэ″у щылъытэращ. ″Щыгъуэ″у ″щы″м ″итыгъуэ″ щигъуэтыр ″щы″р ″lэ″м зыщигъэлъагъуэу ″щыlэ″у щыухуэращи, нытlэ, ″щыгъуэ″р икlи зы ″щыlэ″рэ ″джыгъуэ″р ″щыдж дыдэ″у зы ″иджы″ращ. Аращи, ″щыгъуэ″р дэтхэнэ зы ″щыlэ″м ″щыlэгъуэ″ щигъуэт дыдэ ″джыгъуэ″у ″иджы″ращ; -икlи, дэтхэнэ зы ″щыlэ″м и ″щыlэгъуэ″р щыух –щигъэкlуэд- дыдэри зэрылъытэ зы ″джыгъуэ″у ″иджы″ри –ар дыдэу- зы ″щыгъуэ″рщ.

Нытlэ, псэлъэбзэм -адыгэбзэм- фlырыфlкlэ щымылъытэну тлъыта ″мыщыlэ″м къыщыщlэддзэу, ар икlи ″мыщ″у зэрылъытапхъэжу адыгэбзэми езэгърэ хиубыдэ къэlуэтэкlэм дызэрыхуэкlуэжкlэрэ зыкъэзыгъэлъэгъуа ″щыгъуэ″ псалъэми щыгъуазэ дыхуэхъуащ. ″Мыщ″ псалъэр ″щыlэгъуэ″ лъабжьэу щыт ″щ″ыр иджыри щымылъытарщ; ″щыгъуэ″ мыхъур зэрылъытэращ. Икlи, ″щыгъуэ″ псалъэр ″щы″р гъуэ зыгъуэтарэ иту зэрылъытэрщи, ар ″щыlэгъуэ″ зыгъуэтынум и ″щыгъуэ″у е зи ″щыlэгъуэ″р ухынум и ″щыгъуэ″уи зэрыщытри наlуэщ.

Дауи, адыгэбзэм и лэжьэкlэм едгъэлейрэ ″щыlэ″р зэрыщыту ″мыхъуныгъэ″у –″мыхъуныгъэ абсолуд″у- едгъэлъытэу ″мыщыlэ″ псалъэ едгъэухуами, мы псалъэр мыпхуэдэу зэрыухуа щlыкlэр икlи ″мыщ″уи къызэрыlуэтапхъэми дыхуэкlуэу, ″щыгъуэ″ псалъэри къыдыгурызгъэlуа адыгэбзэм ″зы псэлъэбзэр щыlэ зэрылъытэ логие системэ″у зэрыщытым дызэрыхуишэлlэжари гурыlуэгъуэщ.

Мы къэтlуэтахэмкlэ адыгэбзэм ″мыхъуныгъэ абсолуд″у ″щыlэгъуэ щыб″ зэрылъытэ зы щхьэж псалъэ зэрыхэмытрэ (″зыри/зырикl″ псалъэр мыбы хурикъункъым) зэрыхуэимыгъуэри гурыlуэгъуэ къытхуэхъуауэ жыlэпхъэнщ. Ауэ, адыгэбзэм ″абсолуд″у ″мыхъуныгъэ″рэ ″щыlэгъуэ щыб″ зэрылъытэ зы щхьэж псалъэ хэмытми, нэгъуэщl бзэхэм мыпхуэдэ мыхьэнэхэр зытырауххуа псалъэхэр зэраlэри гурыlуэгъуэнщ: «″néant (fr.)″; ″nichts (alm.)″; ″hiç (tr.)″».

Ауэ икlи, щыlэм хэдзыкlрэ ″щыlэгъуэ щlыб″и зэрылъытапхъэ зы макъ (цl) хэтщ адыгэбзэми, мы макъым и къэхъукlэрэ и къэlукlэри адрей макъхэм я пхэнджу зэрыщытри абы игъэзащlэ къалэным езэгъыуи жыlэпхъэщ. Мыпхуэдэу щытми, адыгэбзэм и ″цl″ макъымкlэ ″щыlэгъуэ щlыб″ зэрылъытэ зы ″псалъэ″ зэримыухуари аргуэру къыхэгъэщыпхъэщ.

*

Мы ипэкlэ къэтlуэтахэмкlэ гурыlуэгъуэщи, ″щыlэ″рэ ″щыlэгъуэ″м икlи ″щымыlэ″м, иужькlи щымыlэххэу ″щыlэгъуэ щlыб″ зэрылъытапхъэ ″мыщыlэ″м -″мыщ″ым- теухуауэ адыгэбзэм ″Тхьэ″р зэримылъытапхъэри наlуэщ. Икlи, мы къэтlуэтахэмрэ ипэкlи философхэм ″Тхьэ″р зэралъытэ гупщысэкlэхэу къаlуэтауэ зи гугъу тщlахэр зэплъытмэ, гулъытэ зыхуэщlыпхъэрэ къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри щыlэнщи, мы илъабжьэми мыпхуэдэхэр къыщытlуэтэнщ.

Япэрауэ, ″щы″м зы ″зэман пыухытыкlа″кlэ (lэ) зызэригъэлъэгъуэу ухуауэ зи гугъу тщlы ″щыlэ″ псалъэм и ″щы″м мы и къалэныр ипэкlэ зи

гугъу тщIа философ гуэрхэм я гупщысэхэм езэгъыу зэрылъытапхъэр гурыIуэгъуэнщи, псалъэм папщIэ, ″Тхьэ″р сытми и лъажьэрэ къежьапIэу зылъытэ ″Аристотел″ мы и псалъэм езэгъыу лъытапхъэщ.

Мыбы нэмыщI, адыгэбзэм ″щыIэ″уэ хъуар зыхэзыубыдэу зэрилъытэ ″щыIэгъуэ″р ″космос″ зэрылъытэрщи, Спинозэ ″Тхьэ″р ″космикэ″у зэрилъытэм къыщIидзэу, Спинозэ мы и гупщысэр дэзыIыгъыу абы къыкIэлъыкIуэ философ куэдым я еплъыкIэу зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

Мы къэтIуэтахэм езэгъыу лъытапхъэмэ, къэхъу-къэщIыгъуэу утыку къихьэу щытрэ, уаерэ уэфIыр, уэсрэ уэшхыр, бэвыгъэрэ гъаблагъэр, узыншагъэрэ узыгъуэр, нэмыщIхэри адрей лъэпкъхэм –е лъэпкъ куэдым-зэралъытэм хуэдэщ Адыгэми зэрилъытэри, ″Тхьэ″ Iуэхугъуэущ. ИкIи, ипэкIи къызэрытпэщIэхуауэ, Адыгэ мифологием мы къэхъу-къэщIыгъуэхэм теухуа ″Тхьэ″хэри щызэрыхэлъытар гурыIуэгъуэщи, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ щапхъэ гуэрхэрщ ″Тхьэгъэлэдж, Мэзытхьэ, Амыщ, Псатхьэ″рэ нэмыщIхэри.

НытIэ, натуралрэ космикэу мы къэхъу-къэщIыгъуэхэр ″Тхьэ″м къыпкъырыкIрэ и Iуэхугъуэу лъытэныр ипэкIэ Аристотел деж къыщыщIидзэу ″Тхьэ″р натуралрэ космикэу зылъытэ философхэм я гупщысэхэм еплъытэныр сыт хуэдизкIэ зэрыигъуэнур нэгъуэщI зы лъэныкъуэщ; ауэ, ди Iуэхури нэхъыбэу псалъэхэм теухуауэ зэрыщыткIэ, мыхуэдэхэр зыгъэпэжу лъытапхъэ псалъэхэм гулъытэ хуэщIынри къытпэщыт Iуэхугъуэщ.

Аращи, натуралрэ къэхъу-къэщIыгъуэ гуэрхэм я ″Тхьэ″ зэрылъытэ псалъэхэу мы ипэкIэ къыхэдгъэщахэм нэмыщI, адыгэбзэм псэужьыгъуэрэ натуралу къэхъу-къэщIыгъуэ гуэрхэр ″Тхьэ″м пилъытэу къызэриIуатэ псалъэхэми гулъытэ хуэщIыпхъэщ. Мыпхуэдэ зы щапхъэрщ къэкIыгъэ пкъыгъуэм псыр ирижэрэ псэужьыгъуэу дыгъэми зызэригъэуу къыпыкIэхэр адыгэбзэм ″тхьэмпэ″ е ″тхьэпэ″ псалъэмкIэ зэрилъытэр. НытIэ, къэкIыгъэм и псэм зиужьу мы къыздынэсар -″Тхьэ″ къарур зынэса къуапIэу- ″тхьэмпэ/тхьэпэ″у зэрылъытарэ къызэрыIуатэр Спинозэ и ″Тхьэ″ елъыкIэм зэрезэгъым хуэдэжу, икIи ар тегъэщIапIэ зыхуэхъуа еплъыкIэхэми езэгъыу лъытапхъэрщ; икIи, гъащIэрэ псэуныгъэр зыгъэпэжрэ мыпхуэдэу щымыт гупщысэхэри нэпцIыу зылъытэ Ницшэ и еплъыкIэми езэгъыу зэрылъытапхъэм нэмыщI, ″Тхьэ″р гъащIэрэ псэугъуэм езырауэ жызыIэ Толстой мы и еплъыкIэми зэрезэгъри гурыIуэгъуэнщ.

Мы къэтIуэтахэр ″щы″рэ ″щыIэгъуэ″м икIи гъащIэрэ псэугъуэм теухуащи, мыпхуэдэу зымылъытэ ″Тхьэ″ еплъыкIэхэри зэрыщыIэнур гурыIуэгъуэнщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэу, псэлъэбзэр ″щыIэхэр зылъытэ зы логие системэ″у зэрыщыткIэ, зы игъуэ псалъэмкIэ мылъытапхъэр ″щыIэгъуэ щIыб″рэ ″мыщыIэ″уи лъытапхъэнщи, мыпхуэдэу къызэрыIуэтэн псалъэ зыхуэимыгъуэри ″цIэимыIуэ″у къэIуэтапхъэнщ. НытIэ, ″щыIэ″рэ

″щыIэгъуэ″у мылъытапхъэ ″Тхьэ″р ″цIэимыIэ″у зэрылъытапхъэнури жыIэпэхъэщ.

″Тхьэ″р цIэимыIэу щылъытэм деж, игъуэ ″цIэпапщIэ″кIэрэ къэIуэтэфынщи, цIыхум ″Тхьэ″р ″Ар″у е ″Ар Ара″уэ илъытэнщ; ″Тхьэ″ри - езым нэмыщI ″Тхьэ″ зэримылъытапхъэу- цIыхум ″сэр сэращ″, ″сэ сысэращ″, ″сэ сэуэ щыт сэращ″ е ″сэ сыаращ″ хуэдэу зыкъыхуиIуэтэнщ.

″Тхьэ″р мыпхуэдэу –цIэимыIэу- зэрылъытэрэ щылъыта зэманыгъуэхэри щыIащ. ИкIи, цIыху зэхэтыкIэми пщIэ зыхуащIрэ нэхъыжьхэм я цIэр къырамыIуэн хабзэ яIэу зэрыщытари гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэу зэралъытэу щытамрэ ″Тхьэ″р цIэимыIэу къыраIуэу зэрыщытам я зэхуакуми зэпыщIэныгъэрэ зэлъытэныгъэ дэлъуи жыIэпхъэнщ.

Мыхэри къыхэдгъэща нэужь, Адыгэм ″Тхьэ″р зэрилъытэ щIыкIэми мы илъабжьэм гулъытэ яхуэтщIынщ.

***

Дауи, нобэ зэхуэмыдэ лъэпкърэ зэхуэмыдэ псэлъэбзэхэм ″Тхьэ″р мы ипэкIэ зи гугъу тщIахэм хуэдэу, щыIэрэ щымыIэу е псэ зыIумытрэ зыIуту, икIи лIауэ е кIуэдауэ ялъытэрэ къаIуэтэфу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ. Ауэ, адыгэбзэм ″Тхьэ″р мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ зэримылъытэр ипэкIи къыщыхэдгъэщащи, икIи, Адыгэм ″Тхьэ″р зэралъытэ щIыкIэр ″фIэщхъуныгъэ″м теухуауэ зэрыщытри жыIэпхъэщ. Аращи, зы Адыгэм ″Тхьэ″р зэрилъытэфыну щIыкIэ закъуэр ″фIэщ″ къызэрыхуэхъуущ – е, къызэрыхуэмыхъущ: ″Тхьэ″р уи фIэщ хъунщ, - е хъункъым. Мыпхуэдэщ Адыгэ цIыху зэхуакум щызекIуэ псалъэхэм къыбгуригъаIуэри, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэр: «″Тхьэр уи фIэщмэ...″; ″Тхьэр уи фIэщкъэ?″».

Адыгэхэм мыпхуэдэу зэралъытэр я гупщысэкIэхэм теухуауэ зэрыщымытри жыIэпхъэщи, нытIэ, мыпхуэдэу зэырыщытым лъабжьэ хуэхъури езы адыгэбзэ системэращ. Аращи, адыгэбзэмкIэ гупщысэ къызэрыIуэтэнум лъабжьэ хуэхъур адыгэбзэм и ″макъыбзэ системэ″ращи, мыпхуэдэ къэIуэтэкIэри дэтхэнэ зы гуэрыр и щыIэгъуэрэ щыIэкIэкIэ зэрылъытэущ. ″Макъыбзэ″ жыхуэтIэри щыIэгъуэ ужьыгъуэкIэрэ макъ къызхигъэIукIын лъэкIыныгъэ зыгъуэта псэущхьэм мы къызхигъэIукI макъхэр мы утыку къызэрихьа щIыкIэхэм теухуауэ щыIэгъуэ мыхьэнэ зыхэлъу псэущхьэм -″хьэ″м- зэрызырихьэкIэрэ ухуа япэрей псэлъэбзэрауи лъытапхъэрщ.

ИкIи, псэлъэбзэм илъытэрэ къиIуатэр щыIэгъуэ зиIэрэ щыIэу щытхэращи, ар псэ зыIумыту е зыIуту дауи щырет, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм зэрилъытэну щIыкIэри я щыIэгъуэрэ щыIэкIэущ. НытIэ, щыIэрэ щымыIэу, икIи мыщыIэрэ мыщу зэрымылъытапхъэр зыгурыдгъэIуа ″Тхьэ″р адыгэбзэмкIэ зэрылъытэфыну закъуэр –мы ипэкIэ зэрыжытIауэ- ″фIэщхъуныгъэ″м теухуауэщи, ″фIэщхъуныгъэ″ жыхуэтIэр зыгурыдгъэIуэн хуейщ.

НытIэ, адыгэбзэм ″фIэщ″рэ ″фIэщ хъун″ псалъэхэр зэрилъытэми нэхъ гъунэгъуу деплъынщ.

Япэрауэ, ″фIэщ″ псалъэр макъитIкIэ зэрыухуар нэрылъагъущи, псалъэ пэщIэдзэу щыт ″фIэ″р ″фIы″м кIуэтэгъуэ (э) зэригъуэту ″фIы″уэ щытрэ ″фIы″гъэ кIуэкIэ зи мыхьэуэ лъытапхъэрщ; абы къыкIэлъыкIуэ ″щ″ макъри мы ″фIы/фIэ″р ″щы″пIэм изыгъэувэу стабил зыщIрэ икIи ″фIы″гъэ зыхэлърэ зыхэзыубыдэ зэрылъытэрщ. Мыпхуэдэщ ″фIэщ″ псалъэм зэреджапхъэри, ар ″фIы″уэ щытрэ ″фIы″гъэ зыхэзыубыдэу ″фIыгъуэ″ защIэу щыту лъытапхъэрщ.

Игъуэ щыхъу дэтхэнэ зы щIыпIэми и гугъу щытщIагъащ ″щыIэгъуэ″ лъабжьэ зи мыхьэнэ ″щ″ макъми, ар ипэкIэ псалъэ пэщIэдзэ зэрыхъум щыгъуазэ дызэрыхуэхъам хуэдэу, мыбдежми псалъэ кIэухыу игъэзащIэ къалэным щыгъуазэ дыхуэхъуащ. НытIэ, ″фIэщ″ псалъэ пэщIэдзэр ″фIы″ макъ псалъэу мы зэрытлъытар зэрыухуа ″фI″ макъ мыхьэнэми мыбдежым аргуэру щыгъуазэ дыщыхуэхъужынщ.

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, Iупэм щихъуэу лъэщу къэIукIэ зиIэу утыку къихьарэ къарурэ лъэщыгъэ мыхьэнэ зыгъуэтауэ лъытапхъэ ″ф″ макъыр зэрытекъузэ къэIукIэу утыку къихьа ″фI″ макъри ″къаруфIагъ″рэ ″зэрыхъун хъуа″р зэрылъытэ мыхьэнэ зиIэу лъытапхъэрщи, зы ″макъ псалъэ″у зэрыухуа ″фIы″м и мыхьэнэри мыпхуэдэрщ.

Мы зэрыжытIауэ, ″зэрыхъун хъуа″рэ ″зэрыхъун хуейуи щыт″ыр зэрылъытапхъэнщ ″фIы″ри, ар ″къаруфIэ″рэ ″щхьэпэ″у щытыр зэрылъытэрщ. НытIэ, щыIэгъуэ зиIэхэм щхьэпэ хуэхъу дэтхэнэ гуэрыр ″фIы″уэ лъытапхъэщи, япэрауи, езы цIыхум хуэщхьэпэрэ зэрыхъун хуейуэ щытуи илъытэращ ″фIы″уэ илъытэр. Дауи, дэ езыр къаруфIэу, лъэщрэ зэпэщу дызэрылъытэр ″фIы″ыщ; дигум жьы дэзыху, гуапэ къытхуэхъурэ псапэу тлъытэ сытри ″фIы″уэщ зэрытлъытэр.

НэгъуэщIыу жыпIэмэ, ″Iей″уэ щымытращ ″фIы″уэ лъытапхъэри, ″фI″ макъым мы и къэруфIагъэр Iеягъ зыхэмылърэ ягъэ къыздэмыкIынурщ; еру щымытрэ ем дыхуэзымышэу ерыщрэ емызэгъу щымытыр, зэхэзытхъуэ къаруэ щымытыр ″фIы″щ.

НытIэ, мыхэр зыхэзыубыдэрагъэнщ ″фIэщ″ жыхуэтIэри, -″фIэщ″ псалъэм нэмыщI- ″фIы/фIэ″ зыхэзыубыдэ нэгъуэщI щапхъэхэми деплъыныр игъуэщи, мыпхуэдэ зы щапхъэри ″фIэщIын″ глаголырщ. ″ФIэщIын″ыр цIыхум и Iэ имылъу и щхьэ къырикIуэ Iуэху лIэужьыгъуэу ″щхьэм къырикIуэ Iуэху глагол″у зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. Мыхуэдэ зы глагол лIэужьыгъуэри ″фIэхъун″ращи, ари ″субъект″ым и Iэм имылъыу ″щхьэм къырикIуэ Iуэху″ лIэужьыгъуэу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ.

Мы зи гугъу тщIа глаголхэр зыхэзыубыдэ ″глагол гуп″ым щыщу ″псалъэ зэпха″уи зэрыщытри гурыIуэгъуэщ ″фIэщ хъун″ глаголри, ″фIэщ″ псалъэмрэ ″езырыж занщIэ глагол″ лIэужьыгъуэу щыт ″хъун″ыр зэрызэпхауэ бзэм хэлэжьыхь мы ″фIэщ хъун″ глаголыр -мы зэрыухуа щIыкIэми къызэрыхэщу- ″щхьэм къырикIуэ Iуэху глагол″ лIэужьыгъуэу

зэрыщытыр наIуэщи, и лэжьэкIэ щапхъэ гуэрхэри къэдгъэлъэгъуэнщ: «абы ар и фIэщ мэхъу; сэ уэ си фIэщ уохъу».

Аращи, къытфIэщIрэ къытщыхъум хуэдэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщ ″фэщ хъун″ри, ари ди Iэ имылъу ди щхьэм къырикIуэ Iуэхугъуэрщ. Аращи, дэ къытпкъырыкIыу е дгъэзащIэу утыку къихьэу щыткъым ди ″фIэщ хъур″и, ″фIэщхъуныгъэ″ жыхуэтIэр дэ езым къэдлэжьрэ тщIыуэ утыку къихьэ гуэркъым; дэ тщIэуэ къэхъурэ дгъэзащIэ гуэркъым.

Глаголу ″фIэщ хъун″ым и мыхьэнэр икIи ″фIэщ″ псалъэ закъуэуи хэлэжьыхьыпхъэщ адыгэбзэми, ″фIэщ″ыр ″щ″ кIэухкIэ зэрылъытэуи къэIуэтапхъэщ зы гуэрыр ″фIэщ″ къызэрытхуэхъур. ″ФIэщ″ыр мыпхуэдэу зы ″статя″ лIэужьыгъуэу зэрылъытэр гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ лъытэкIэри ″субъект″ым и Iэ имылъу и ″щхьэм къырикIуэ Iуэхугъуэ″у зэрылъытэнур гурыIуэгъуэнщ: «абы ар и фIэщщ; сэ уэ узифIэщщ».

Мы къэтIуэтахэми къызэрыхэщу, ди Iэ имылъу дэ мы ди ″фIэщ″ зэрыхъур -фэрыщIагъ зыхэмылъу- ″сериознэ″у –″ciddi″уэ- зы Iуэхугъуэрщи, икIи, адыгэбзэм ″сериознэ″ -джидди- жыхуаIэри ″фIэщ″уэщ зэрылъытэр: «абы и фIэщщ; сэ си фIэщщ; си фIэщ къисхауэ солажьэ; уи фIэщи уэ!».

Зы гуэрым и ″цIэ″р лъытэнрэ етынри ″фIэщ″ зэры″щI″ Iуэхугъуэрщи, мыпхуэдэри зы ″Iуэху глагол″у ухуа ″цIэ фIэщын″кIэрэщ -зы ″псалъэ зэпха″уэ- зэрылъытэр. Мыбы и лэжьэкIэ щапхъэ гуэрхэри къэтхьынщ: «абы и цIэр сэращ фIэзыщари, зы джанэ къыхуэсщэхуащ; си цIэр фIэзыщар ди адэшхуэращ».

″ФI″ макъым и мыхьэнэмрэ ″макъ псалъэ″уи (фIы) зэрыухуам икIи зыхэзыубыдэу зи гугъу тщIа псалъэхэм (пп: фIэщ) теухуауэ къэтIуэтахэр къарууфIагъэрэ лъэщыгъэу зэрытлъытэу зэрыщытхэр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, лъэщыгъэрэ къарукIэрэ -лIыгъэкIэ- утыку къихьэрэ гъэзащIэ Iуэхугъуэхэри зэрылъытапхъэ зы макъырщ ″фI″ыри, мыпхуэдэ щапхъэхэрщ мыхэри: «фIэнэн, фIанэ; фIэкIуэн, фIэхъун, фIыщIэхьэн; фIэлэжьэн, фIэгъэзэщIэн».

Мы псалъэхэми гурыIуэгъуэ къызэрыпхуащIщи, мы ипэкIэ лъэщыгъэрэ къарууфIэгъэ зэрылъытэ макъ мыхьэнэ зиIэу щыгъуазэ дызыхуэхъуа ″фI″ макъыр икIи фIэнапIэ къыпхуэхъуарэ ерыщыгъэи зэрылъытэ щIыкIэу адыгэбзэм зэрыхэлэжьыхьыр гурыIуэгъуэщ. ИкIи, мы зэхуэпхэнджу лъытапхъэ псори зэрыщыту зыхэзыубыдэрщ ″фIэщ″ псалъэмрэ ″фIэщ хъун″ глаголри, нытIэ, мы псалъэхэмрэ икIи Адыгэм ″Тхьэ″р ″фэщхъуныгъэ″у зэрилъытэм теухуауэ аргуэру къыхэгъэщыпхъэ гуэрхэри мы илъабжьэм къыщыпытщэнщ.

*

Аращи, ″фIэщ″ псалъэр фIыгъэрэ къарууфIагъ зыхэзыубыдэ зы псалъэу зэрыщытым нэмыщI, ″фIэщ хъун″ри ″субъект″ым и Iэ имылъу и щхьэм къырикIуэ Iуэхугъуэу къарууфIагъэрэ лъэщыгъэ зэрыгъуэт зы щIыкIэрэ щытыкIэ зэрылъытэ глаголу зэрыщытри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, мыбдежым

–япэраузэ- ипэкӀэ зи гугъу щытщӀа гупщысакӀуэхэм ″фӀэщхъунығъэ″р зэралъытэ щӀыкӀэхэри дигу къыэдгъэкӀыжынри игъуэщ. Аращи, -псалъэм папщӀэ- Хыум ″гурыщхъуэ″ зыхэмылърэ абсолудэ ″щӀэнығъэ″ лӀэужьығъуэу лъытапхъэу зи гугъу ищӀ ″фӀэщхъунығъэ″р ″пщэдей дыгъэр къызэрыкъуэкӀынур зэрыпщӀэм хуэдэщ″ жи. Мыбы нэмыщӀ, гурыщхъуэщӀыу щыта Декарт езым и щыӀэгъуэр медитативу гупщысэкӀэ и фӀэщ къызэрыхуэхъукӀэрэ гурыщхъуэм къызэрыхэкӀари дигу къэгъэкӀыжыпхъэщ.

НытӀэ, ипэкӀэ адыгъэбзэм зэрыхэлъыта щӀыкӀэм теухуауэ къэтӀуэтахэм хуэдэу лъытапхъэщ мы гупщысакӀуэхэми ″фӀэщхъунығъэ″р зэралъытэри, къаруфӀагъэрэ лъэщығъэу ӀупщӀыу зэрыщытым ипкъ зэриткӀэ ″гурыщхъуэ″ зыхэмылъущ зэралъытэр.

Мыпхуэдэу зэрыщыткӀи, ″щхьэм къырикӀуэ Ӏуэху″ лӀэужьығъуэу щыт ″фӀэщхъунығъэ″р цӀыхум дежкӀэ Ӏуэхушхуэу лъытапхъэщи, езы цӀыхум къимылэжьауэ щытми, зы щӀыкӀэрэ щытыкӀэ къезыта ″фӀэщхъунығъэ″м цӀыхур фӀырыфӀкӀэ хэмыкӀыфыну зэрыщытрэ икӀи цӀыхум ар фӀырыфӀкӀэ зэрызимыхъуэкӀыфынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″фэщ къытхуэхъуа″рэ ди ″фӀэщығъэ″р -″фӀэщхъунығъэ″р- зэдымыхъуэкӀыфын хуэдизу лъэщщи, ар дэ къыттекӀуарэ дызыӀығъыуи лъытапхъэнщ.

Дэ дызыӀығъыр икӀи дызылъахъэрщи, нытӀэ, Ницшэ ″Тхьэ″р цӀыхур зылъэхъау зэрилъытэм и лъабжьэрэ пэжыпӀэри -мы зэрыжытӀауэ- ″фӀэщхъунығъэ″рагъэнщ. Аращи, дэ дызылъахъэр -″Тхьэ″ нэхърэ- ди щхьэм къырикӀуэу ди ″фӀэщ хъуа″рэ ди ″фӀэщхъунығъэ″рауэ жыӀэпхъэнщ.

Мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ ″фӀэщхъунығъэ″р нэхъыфӀыу зылъытэрэ къэзыӀуатэ философыр Киркегард-рауэ (Kierkegaard) зэрылъытапхъэри, бын зимыӀэ Ибрэхьим бегъымбар и ″Тхьэ″м -″Ӏэл″-елъэӀуу бын къыритмэ езым -″Тхьэ″м- тын -къурмэн- хуищӀыжыну псалъэу итар игъэзэщӀэну иужь зэрихьар къызэриӀуатэ тхылъыр мыпхуэдэ зы щапхъэщ.

Мыри къыпытщэжа нэужь, аргуэру ″фӀэщхъунығъэ″м дыхуэкӀуэжмэ, дэ къытпкъырымыкӀарэ къэдымылэжьар дэ езым зэдымыхъуэкӀыфыну зэрыщытыр гурыӀуэгъуэнщ; ауэ, мыпхуэдэу къыдгурыӀуэ ″фӀэщхънығъэ″р икӀи дэ тщӀэнрэ къэдлэжьын хуейхэри къытхуэзылъытэу пщэрылъи къытхуэзыщӀырщи, нытӀэ, цӀыхур щхьэхуитынығъэу зылъытэрэ цӀыхум пщэрылъ къыхуэхъужыр езым къилэжьрауэ -″ищӀ″рэ ″ищӀэ″рауэ- зылъытэ Сартр имыдэхххэнури мырагъэнщ.

Дауи, мы къэтӀуэтахэми къызэрыхэщщи, зи гугъу тщӀа гупщысакӀуэхэм ″Тхьэ″м теухуауэ ялъытэрэ къаӀуатэхэр -адыгэбзэми мы зэрилъыта щӀыкӀэу- ″фӀэщхъунығъэ″м теухуауэ лъытэныр нэхъ игъуэщ. ИкӀи, ″тхьэ″ псалъэм иджыри дытемыпсэлъыхьакъым. ИкӀи гурыӀуэгъуэщ -адыгэбзэм зэрилъытэ щӀыкӀэу- ″фӀэщ″ къытхуэхъуар щыӀэрэ щымыӀэу е пэжрэ мыпэжу лъытапӀэм дызэримытри гурыӀуэгъуэщи, ″фӀэщхъунығъэ″м дыхэтрэ диӀығъыу щытыхункӀэ, ар зэтхъуэкӀыфынуи щыткъым. Ауэ икӀи,

-зэрыжаӏэу- ″уи фӏэщ хъун щыӏэщ″, ″уи фӏэщ мыхъуни щыӏэщ″; икӏи, уи ″фӏэщ хъуа″р иужькӏэ уи ″фӏэщ мыхъу″жу зэрыщытыфынури гурыӏуэгъуэнщи, нытӏэ, уи ″фӏэщ хъунрэ мыхъун″ри уи ″щӏэн″ым –уи ″concience/şuur/bilinç″ым- елъытагъэнщ.

Мы къэтӏуэтахэм нэмыщӏ, -ипэкӏи зэрыжытӏауэ- уи фӏэщ хъуарэ уи ″фӏэщхъуныгъэ″ращ уэ лъэщрэ къарууфӏэу, зэпэщрэ зэгущу икӏи фӏыуэ зыщызэрыплъытэри, мыри ″фӏэщхъуныгъэ″м и фӏыгъэрщ. Икӏи, ″фӏэщхъуныгъэ″у узыӏыгъыр мыхъу-мыщӏэрэ ӏеягъ узымыгъэлэжьрэ узыхъумэу зэрыщытри жыӏэпхъэщ. Ауэ, ипэкӏэ зи гугъу тщӏа гупщысакӏуэхэм ямыдэххэнури мыращи, ″Тхьэ″р цӏыхум къыщхьэщытрэ къихъумэу икӏи къилэжьын хуейхэри къыхуиӏуэхуу зэрыщытыху, цӏыхум пщэрылъ зэримыгъуэтынурэ щхьэхуитуи зэрыщымытыфынурауэщ зэралъытэр.

*

Дауи, ди ӏуэхур Адыгэм ″Тхьэ″р зэрилъытэрэ адыгэбзэми къызэриӏуатэращи, ″фӏэщ хъун″рэ ″фӏэщхъуныгъэ″у мы зи гугъу тщӏахэри нэхъыбэу ″Тхьэ″м теухуауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Икӏи, ″Тхьэ″мрэ ″фӏэщхъуныгъэ″м я гугъу щытщӏым деж, ″дин″ри дигу къызэрыкӏыр гурыӏуэгъуэнщи, нытӏэ, ″дин″ми псэлъитӏ-щы тежытӏӏыхьынщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, нобэрей ″дин″хэр -Ибрэхьимей динхэр- къыздыщежьар Азиа куэрыхуращи, къызытехъукӏари -е къызыхуэкӏуари- Саам -Сами- лъэпкъхэращ.

″Дин″ыр цӏыхум ″Тхьэ″р зэрилъытэнурэ къызэрыгурыӏуэну щӏыкӏэр зылъытэу зэрыщыткӏэ, цӏыхум ″дин″р къыгуригъэӏуэн папщӏэ, бегъымбарыр къыхуигъакӏуэу зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Аращи, мы зи гугъу тщӏа щӏыналъэмрэ абы щыпсэууэ щыта лъэпкъхэм бегъымбар къахэкӏынрэ щхьэжу нэрыбгэм езым бегъымбару зилъытэжын хабзэ къадекӏуэкӏрэ мыпхуэдэ културэ яӏэу щытагъащи, икӏи дэ тщӏэ бегъымбархэм нэмыщӏ мин бжыгъэкӏэрэ бегъымбар къахэкӏауэ зэралъытэри къыхэгъэщыпхъэщ.

Хьэрыпыбзэу щыт ″дин″ псалъэм и мыхьэнэри цӏыху зэхэтыкӏэрэ псэукӏэу традицэу къекӏуэкӏым теухуауэщ зэралъытэр. Аращи, пэсэрей ″фӏэщхъуныгъэ″рэ ″дин″ лӏэужьыгъуэуи лъытапхъэхэр хэтыжу, ″фӏэщхъуныгъэ″р зи лъабжьэу утыку къихьауэ лъытапхъэ ″дин″ыр япэу къыщыӏуэта бзэмрэ щӏыналъэм къыщекӏуэкӏыу щыта ″мифологие″рэ ″хабзэ″ри зи лъабжьэу ухуа зы теологие систмэу лъытапхъэрщ.

″Дин″ыр европэбзэхэми зэрыхэлъытэр -урысыбзэми зэрыхэт щӏыкӏэу- ″религие″ хуэдэ псалъэущ. Ауэ, адыгэбзэм ″дин″ зи мыхьэнэ псалъэрэ ″дин″ым ипӏэ ибгъэувэну псалъэ зэрыхэмытри гурыӏуэгъуэщ.

Нытӏэ, ″фӏэщхъуныгъэ″р зи лъабжьэрэ зыхэзыубыдэуи щыт ″дин″ыр ″фӏэщхъуныгъэ″м къыщымынэу, нэгъуэщӏ гуэрхэри зыхэзыубыдэу ухуа зы системэрщи, ар ″фӏэщхъуныгъэ″кӏи зэрыримыкъунур гурыӏуэгъуэнщ. Аращи, лъабжьэ зыхуэхъуарэ зыхиубыдэу лъытапхъэ ″фӏэщхъуныгъэ,

хабзэ, мифологие" лӏэужьыгъуэхэм я щӏыкӏэ гуэрхэри зыхиубыдэу къызыхэщ зы системэрщ "дин"ыр.

Дауи, "миф"хэм хуэдэу щэхугъэрэ гъэпщӏкӏуа пэжыгъэхэм нэмыщӏ икӏи мыхъуххэну лъытапхъэ къэхъу-къэщӏыгъуэхэр щабэрэ уи гум хэхьэу къэзыӏуатэу щытрэ, илъытэрэ къиӏуатэу хъуар гурыщхъуэ зытемыщӏыпхъэу зэрыщыту уи "фӏэщ хъун" хуейуэ лъытапхъэщ "дин"ри, бгъэзэщӏэн хуейхэри -ӏэпэдэгъэлэл умыщӏыу- "хабзэ"м хуэдэу пщэрылъ къыпхуэзыщӏыу композицэу зы системэрщ. Ауэ, мыхэр "Тхьэ"м и унафэу зэрыщытым ипкъ зэриткӏи, къыуэмыхьэлӏэкӏыу гуфӏэгъуэкӏэ зэрыбгъэзэщӏэнури гурыӏуэгъуэнщ.

Мы ипэкӏи зэрыщыжытӏауэ, Адыгэм и хабзэмрэ и ӏурыӏуатэхэр зи лъабжьэу "дин" зэрыхуэмыухуари гурыӏуэгъуэщи, мыбы папщӏи адыгэбзэм "дин" мыхьэнэ зиӏэ псалъи хэткъым. Ауэ, "дин"ым лъабжьэ хуэхъуу мы зи гугъу тщӏахэр –"фӏэщхъуныгъэ, хабзэ, мифологие"- щхьэхуэ щхьэхуэу Адыгэм и гъащӏэм систематикэу щызекӏуэу щытарэ зэрыщытри гурыӏуэгъуэщ.

Нытӏэ, "дин"ым лъабжьэ хуэхъуауэ мы зи гугъу тщӏахэр адыгэбзэм щызэрызекӏуэми гулъытэ зэрыхуэщӏыпхъэ гуэрхэри къыпытщэжынщ.

Зэрыгурыӏуэгъуэу, "дин"ым гъэзэщӏапхъэу илъытэхэр бгъэзэщӏэныр адыгэбзэм хэт "псапэ" псалъэмкӏэ зэрыигъуэу лъытапхъэу щытщ; ауэ, "дин"ым гъэзэщӏапхъэу илъытэхэр умыгъэзэщӏэныр зэрылъытэ "гуэныхь" псалъэм къыпэув адыгэбзэ псалъэ зэрыщымыӏэри гурыӏуэгъуэщ. – Адыгэм "гуэныхь" диӏэкъым!

Икӏи, Адыгэ хабзэм теухуауэ умыгъэзащӏэр –хабзэм емызэгъыр- "емыкӏу"у зэрылъытэри гурыӏуэгъуэщ. – Нытӏэ, Адыгэ хабзэр екӏуныгъэрэ зэкӏуныгъэу зы системэуи лъытапхъэнщ.

Адыгэ ӏуэрыӏуатэхэм хиубыдэ щэхугъэрэ гъэпщӏкӏуа пэжыгъэхэр мифологие еджэкӏэу къэгъэунэхунри зы лъэныкъуэкӏэ къызэрытпэплъэри гурыӏуэгъуэнщ. Ауэ, Адыгэм "Тхьэ"р и "фӏэщ" хъууэ зэрыщытами гъуэгуанэ кӏыхь къизэрыкӏуари жыӏэпхъэнщи, нытӏэ, адыгэбзэм "Тхьэ"р къызэриӏуатэ мы псалъэр утыку къызэрихьарэ зэрыухуа щӏыкӏэми щыгъуазэ дыхуэхъун хуейщ.

***

Нытӏэ, зы макъыбзэу щыт адыгэбзэм "тхьэ" псалъэр щызэрыухуарэ зэреджапхъэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъунури ар зэрыухуа макъхэм деж къыщыщӏэддзэущ.

Япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, къызэрыхъуарэ къыщыхъуам елъытауэ дэтхэнэ зы макъым зы "мыхьэнэ"рэ "къалэн" зэригъуэтыр гурыӏуэгъуэщ. "Мыхьэнэ" зымыгъуэту бзэм хэлэжьыхь макъхэри щыӏэщи, мыпхуэдэхэр япэрей ди лэжьыгъэхэмкӏи наӏуэщ. Ауэ, "макъ мыхьэнэ" щыжытӏэм деж, зы макъыр къызэрыхъурэ къыщыхъуа щӏыпӏэм зэрелъытари гурыӏуэгъуэщи, нытӏэ, макъ къэхъуныгъэр псэущхьэм макъ къызыхэгъэӏун лъэкӏыныгъэ зэригъуэтым къыщӏидзэу,

макъкӀэрэ псэлъэбзэ ухуэу зэрыщӀэдзэмрэ икӀи псэлъэбзэр зэпкъырыуvауэ щылъытапхъэм теухуауэ зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщ.

Мы псалъэм гурыӀуэгъуэ къызэрытхуищӀыу, япэрауэ, псэущхьэм макъ къызыхигъэӀукӀын лъэкӀыныгъэ щигъуэтым утыку къихьа макъхэр мыхьэнэншэу зэрыщытынур гурыӀуэгъуэнщи, къыщыхъуарэ къызэрыхъуа щӀыкӀэу къызэрыӀуми елъытауэ псэущхьэм и гъащӀэр зэрызыригъакӀуэм теухуауэ къыпыщӀэхуэхэр зэрилъытэу зэрызырихьэри гурыӀуэгъуэнщ. Псэущхьэм мыпхуэдэ макъыр зэрызырихьэкӀи -кӀуэ пэтӀрэ- ″потенциал″у зы ″мыхьэнэ″ зэрылъытэрэ, иужькӀи -псэлъэбзэр зэрыухуэми елъытауэ-къызэрыхъуарэ къыщыхъуам елъытарэ теухуауэ ″макъ мыхьэнэ″ игъуэтуи лъытапхъэщ. ЕтӀуанэ лъэбакъуэу, псэлъэбзэр ухуэу щыщӀидзэм – псэлъэбзэ пэщӀэдзэм хуэзэу- утыку къихьэ макъхэри псэлъэбзэ лэжьэкӀэр зыхуэныкъуэ псалъэу -″макъ псалъэ″у- зэрыухуапхъэри гурыӀуэгъуэнщ. Ещанэ лъэбакъуэу утыку къихьэ макъхэри псэлъэбзэр зэпкъырыvауэ щылъытапхъэм утыку къихьэхэрщи, мыхэри занщӀэу ″мыхьэнэ″ зиӀэу икӀи зэрыигъуэкӀэ ″макъ псалъэ″уи псэлъэбзэм хэлэжьыхь макъхэрщ.

НытӀэ, псэущхьэм макъ къызхигъэӀукӀын лъэкӀыныгъэ щигъуэтым утыку къихьарэ къызэрыӀу щӀыкӀэкӀэ -″мыхьэнэншэ″уи- зэрихьэ макъхэр псэлъэбзэ зэпкъырыувэкӀэ пэщӀэдзэхэм ″потенциал″у зы ″мыхьэнэ″ игъуэу зэрыщӀидзэнурэ, иужькӀи псэлъэбзэр зэпкъырыувауэ щылъытапхъэми зы ″мыхьэнэ″ зэригъэтыфынури гурыӀуэгъуэщ.

Мы къэтӀуэтахэм нэмыщӀ, утыку къызэрихьарэ къыщихьам елъытауэ ″мыхьэнэ″ зыгъуэтыфыну жыхуэтӀэ зы макъым мы и ″мыхьэнэ″р абы и ″мыхьэнэ лъабжьэ″у лъытапхъэщи, макъ куэдым мы и ″мыхьэнэ лъабжьэ″р псэлъэбзэ лэжьэкӀэ гъуэгуанэм щыбагъуэу ″мыхьэнэбэ″у зэрылъытэу ″мыхьэнэ марж″ зэрагъуэтри гурыӀуэгъуэщ.

НытӀэ, макъкӀэрэ ухуа псалъэ куэдри -зыхаубыдэ макъхэм елъытауэ-зэхуэмыдэ мыхьэнэкӀэрэ зэреджапхъэу ″мыхьэнэбэ″у зэрыщытыфынури гурыӀуэгъуэнщи, мыбдежым зи гугъу тщӀыну ″тхьэ″ псалъэми мыпхуэдэу зэреджапхъэр гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, ″тхьэ″ псалъэм теухуауэ мы къедгъэкӀуэкӀ тхыгъэм щыгъуазэ дызэрыхуэхъуну еджэкӀэхэм нэмыщӀ еджэкӀэхэми узэрыхуэзэфынур мыбдежым щыжытӀэнщ. Ауэ, ″тхьэ″ псалъэм зэреджапхъэу мы тхыгъэм къыщыӀуатэр нэхъ игъуэу зэрыщытынури къыхэдгъщынщ.

НытӀэ, ″тхьэ″ псалъэр ″хьэ″ псалъэм –″макъ псалъэ″м- ищхьэм ″т″ макъ къыпыхьэу ухуауэщ зэрылъытапхъэри, ″хьэ″ри нобэ ″цӀыху″у зызлъытэ псэущхьэм япэу зызэрилъыта щӀыкӀэм къытехъукӀа псалъэрауэ зэрыщытми япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Аращи, цӀыхум –е цӀыхур къызытехъукӀа псэущхьэм- зызэрилъытэу щыта ″хьэ″ псалъэм ″щхьэщыкӀыныгъэ″ зэрылъытэ ″т″ макъыр къызэрыпыхьэущ ″тхьэ″ псалъэр зэрыухуари, абы и мыхьэнэри ″цӀыхум щхьэщыкӀ″ -″цӀыхум щхьэщыкӀыныгъэ″- зэрылъытэрщ.

Мы зэрыжытlауэ, ″тхьэ″ псалъэр ″хьэ″ псалъэм къызэрытехъуклар гурыlуэгъуэмэ, япэрауэ щыгъуазэ дызыхуэхъун хуейр ″хьэ″ псалъэращи, нытlэ, цlыхум –е ар къызытехъуклa псэущхьэм- ″хьэ″уэ зызэрилъыта хъуа щlыклэри зыгурыгъэlуэн хуейщ. Мыбы щыгъуазэ хуэхъун папщlи, мыбдежым зи гугъу тщlы ″хьэ″ псалъэм лъабжьэ хуэхъуа ″хь″ макъри хэтыжу, макъ пэщlэдзэу лъытапхъэхэр утыку къызэрихьарэ иужьклu ″псалъэ″ къазэрытехъуклагъэнури зыгурыгъэlуэн хуейщ.

Нытlэ, макъ къэхъуныгъэ пэщlэдзэрэ макъхэмклэрэ псалъэ ухуэу щыщlидзэ псэлъэбзэ пэщlэдзэхэр зыгурыдгъэlуэн хуейуэ щlэтлъытэри мы зи гугъу тщlы ″хьэ″ псалъэр къызытехъуклa ″хь″ макъыр макъ къэхъуныгъэ пэщlэдзэхэм хуэзэу утыку къихьауэ зэрыщытращ. Ауэ иклu, макъ къэхъуныгъэ пэщlэдзэм къыщыщlэддза мы лэжьыгъэр макъхэр зэрыбагъуэм и клэухыу лъытапхъэ ″макъ зэгуэт″хэр утыку къызэрихьэми нэгъэсын хуейщи, мыри ″тхьэ″ псалъэр ″хьэ″ псалъэм ″т″ макъыр къыпыхьэу ″макъ зэгуэт″ пэлъытэу мы зэрыухуам папщlэщ.

Иклu, макъ къэхъуныгъэм къыщыщlэддзэу псэлъэбзэр зэрыухуарэ зэрылажьэм теухуа мы лъагъуэми дызэриклуэфынури макъыбзэу щыт адыгэбзэр ди гъуазэрэ ддэщlыгъуущ.

*

Мы ипэклu къызэрыхэдгъэщауэ, япэрей ди лэжьыгъэхэм макъхэр утыку къызэрихьэрэ къыщихьэ щlыпlэхэм, утыку къызэрихьэ я зэклэлъхьэужьыклэхэм, иклu мыхьэнэрэ къалэн зэрагъуэт щlыклэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ. Ауэ, макъ къэхъуныгъэм зэрыхиубыдэм елъытарэ иклu псэлъэбзэр зэрыухуэми теухуауэ зэрылъытапхъэри гурыlуэгъуэщ дэтхэнэ зы макъым мыхьэнэрэ къалэн зэригъуэтынури, нытlэ, мы лэжьыгъэм и lуэхуу къытпэщыт ″тхьэ″ псалъэр зэрыухуа макъхэмрэ иклu утыку къызэрихьа щlыклэми иклэ нэгъунэ щыгъуазэ хуэхъун зэрыхуейри гурыlуэгъуэнщ. Аращи, ″тхьэ″ псалъэм хиубыдэ ″хь″ макъри хэтыжу, псэлъэбзэр иджыри мыухуарэ зэрыухуэ пэщlэдзэхэм хуэзэу утыку къихьа макъхэу зэрылъытапхъэмрэ, иужьклu мыхьэнэрэ къалэн зэрагъуэтахэми щыгъуазэ дыхуэхъуу, мыбыхэми я иужьыlуэклэ ″тхьэ″ псалъэри утыку къызэрихьар зыгурыдгъэlуэн хуейщ.

Нытlэ, япэрей ди лэжьыгъэхэмклэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, нобэрей цlыхур къызытехъуклa псэущхьэм щыlэгъуэ ужьыгъуэклэрэ макъ къызхигъэlуклын лъэклыныгъэ зэригъуэта пэщlэдзэрауэ лъытапхъэщ пэщхьынэр зи къэхъупlэу утыку къихьа ″м″ макъри, псэущхьэм и гъащlэр зэрихьым теухуауэ къыпыщlэхуэр зыхищlэрэ зэрилъытэр мы къызхигъэlуклa ″м″ макъымклэ наlуэ къищlыу щытагъэнщ. Аращи, иджыри нэгъуэщl макъ къызыхэзымыгъэlуклa псэущхьэм сытри зэрилъытапхъэ макъщ ″м″ыри, нэгъуэщl макъ зэрыщымыlэм зэрезэгъклэ сытри зылъытапхъэу мы зэрыщытми ипкъ зэритклэ, ″м″ макъыр зы мыхьэнэ пыухытыклаи зимыlэрщ. Ауэ, ″м″ нэужьым нэгъуэщl макъхэр утыку къызэрихьэклэрэ псэлъэбзэри щызэрыпкъырыувэ пэщlэдзэхэм ″м″

макъми -къызэрыхъуа щIыкIэм елъытауэ- игъуэ мыхьэнэ зэригъуэтынурэ икIи къыщыхъуа щIыпIэм -пэщхъынэ- теухуауи игъуэ псалъэхэри къызэрытехъукIынур (пп: ″мэ; пэмэн″) гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, ″м″ макъым игъуэта мы и мыхьэнэкIэрэ бзэм зэрыхэлэжьыхьынум нэмыщI, пэщIэдзэ макъыу мыхьэнэ зимыIэу къызыхэзыгъэIукIа псэущхьэм зэрихьэу зэрыщытам теухуауи ″м″ макъыр мыхьэнэншэу псалъэхэм ″аффикс″ яхуигъэзащIэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дыщыхуэхъуагъащ.

Дауи, макъ къызыхигъэIукIын лъэкIыныгъэ зыгъуэта псэущхьэм япэрей макъыу пэщхъынэр зи къэхъупIэу къызыхигъэIукIа ″м″ макъыр псэущхьэм и гъащIэр зэрихьым теухуауэ и къэухьым къыщхъурэ щекIуэкIыр зыхищIэрэ щилъытэм дищIыгъуу къызыхигъэIукI макъыу, мыхэри зэрылъытэ зы ″сигнал″уи -″знак″уи- лъытапхъэщ ″м″ макъыр. Ауэ икIи, мы зыхищIэрэ илъытэхэм теухуауэ псэущхьэм ″реакцэ, рефлекс, хьэрычэт″ гуэрхэри къызэрыпкъырыкIынури гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэхэм дищIыгъуу утыку къихьэ зы макъри ″м″ макъым и къэхъупIэгъуу щыт ″н″ макъращ. – Ауэ, ″н″ макъыр занщIэу ″м″ макъым къыкIэлъыкIуэу утыку къихьауи лъытапхъэкъыми, ″н″ макъыр -зи мыхъумэ- ″хь″ макъ нэужьу утыку къихьауэ зэрылъытапхъэри жыIэпхъэнщ.

НытIэ, псэущхьэм зыхищIэу илъытэхэм дищIыгъуу –икIи ахэр зэрылъытэ ″сигнал″у- къызэрыхигъэIукI ″м″ макъым и къэхъупIэгъуу иужькIэ утыку къихьа ″н″ макъыр, псэущхьэм илъытэрэ ″м″ыкIэрэ къигъэлъагъуэм пэджэж ″реакцэ, хьэрычэт″ зыгъэлъагъуэу къызхигъэIукI зы макъыу лъытапхъэрщ. ЗэрыгурыIуэгъуэу, мы къызэрыхъуарэ псэущхьэм мы зэрызырихьэ щIыкIэу ″н″ макъри -иджыркIэ- мыхьэнэ пыухытыкIа зимыIэрщи, макъ къэхъуныгъэу къыпыщэ макъэмкIэрэ псэлъэбзэр ухуэу зэрыщIидзэм теухуауэ мы игъэзащIэ къэлэнхэми елъыта мыхьэнэ гуэрхэри зэригъуэтар (пп: ″нэ; анэ″) гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, мы игъуэта мыхьэнэ пыухытыкIакIэрэ бзэм хэлэжьыхьу зэрыщытым нэмыщI, ″н″ макъыр къыщыхъуам теухуауэ мыхьэнэншэу псалъэхэм ″аффикс″ къалэн яхуигъэзащIэу бзэм хэлэжьыхьу зэрыщытми ди лэжьыгъэхэми я гугъу щыщIытщIагъащ.

Псэущхьэм макъ пэщIэдзэу къызхигъэIукIа ″м″ макъымкIэ зыхищIэу илъытэхэм теухуауэ къыпкъырыкI реакцэхэм дищIыгъуу къызхигъэIукI ″н″ макъым къыщымынэу, ″м″ макъкIэрэ лъытам хуэгъэзауэ нэхъ лъэщу реакцэ зэрыхуигъэлъагъуэм дищIыгъу къурмакъейм пхъашэу къыщыIу зы макъи щыIэщ. Аращи, тхьэмбылым къикIыж жьыр къурамакъейм щихъуэу лъэщу къэIукIэ зиIэу утыку къихьа ″хь″ макъыр псэущхьэм зихъумэнрэ бгъэрыкIуэн щIыкIэу, нэгъуэщI псэущхьэхэр зэригъэшынэну реакцэу къызыхигъэIукIыу лъытапхъэрщ.

″М″ырэ ″н″ макъхэм хуэдэу ″хь″ макъри утыку къыщихьам щыгъуэ мы къызэрыщхьэпэ къалэнкIэрэщ псэущхьэм зэрызырихьагъэнури, мы утыку къыщихьагъащIэм ″хь″ макъми зы мыхьэнэ пыухытыкIа зэримыIар

наӀуэщ. Ауэ икӀи, макъ къэхъуныгъэр зэрыбагъуэрэ псэущхьэми мы макъхэр зэрызырихьэу псэлъэбзэри зэпкъырывэу зэрыщӀидзэкӀэрэ ″хь″ макъри къызэрыхъуарэ къыщыхъуам елъытарэ теухуауэ игъуэ мыхьэнэ игъуэту бзэм хэлэжьыхьу зэрыщӀидзагъэнури гурыӀуэгъуэнщ.

Аращи, псэущхьэм мы къызэрытӀуэта щӀыкӀэу къызыхигъэӀукӀа ″хь″ макъыр езы псэущхьэмрэ икӀи мы ″хь″ макъым хуэдэ къызхэзыгъэӀукӀ нэгъуэщӀ псэущхьэхэр шынагъуэрэ ебгъэрыкӀуэру зэрыщытыр мы ″хь″ макъкӀэрэ илъытэуи щӀидзагъэнти, макъ къэхъуныгъэр къызэрыпыщэрэ псэлъэбзэр зэрыухуэ пэщӀэдзэхэми хуэзэу, ″хь″ макъ къызыхэзыгъэӀукӀ псэущхьэхэр ″шынагъуэу, бгъэрыкӀуэу, дзакъэу″ зэрыщыткӀэрэ -″хь″ыуэ щыт мыхьэнэ зиӀэу- ″хьэ″ псалъэмкӀэ илъытэу зэрыщӀидзагъэнури наӀуэщ.

НытӀэ, ″хь″ макъ къызщыхигъэӀукӀрэ, езымрэ мыпхуэдэ макъ къызхэзыгъэӀукӀ псэущхьэ гуэрхэр ″хь″ыу щилъытамрэ ″хьэ″уэ щилъыта зэхуакум зэмэныгъуэфӀ зэрыдэлъынури гурыӀуэгъуэнщ. Ауэ икӀи, псэущхьэм зызэригъэлъагъуэрэ гулъытэ зыхуищӀахэм теухуа ″реакцэ″у къызхигъэӀукӀ ″хь″ыуэ зыщилъытамрэ иужькӀи ″макъ псалъэ″у ″хьэ″уэ зыщилъытар зэплъытмэ, езы псэущхьэри зэхуэмыдэжу –зэхъуэкӀауэ-зилъытэу зэрыщытагъэнури гурыӀуэгъуэнщи, нытӀэ, езымрэ адрей псэущхьэхэр ″хьэ″уэ щилъытам щыгъуэр, езы псэущхьэм псэлъэбзэр щыхуэухуэ пэщӀэдзэхэм хуэзэу зэрыщытагъэнури мы ипэкӀэ къыщыхэдгъэщагъэххэщ.

Аращи, къызхигъэӀукӀ макъхэр натуралу утыку къызэрихьа щӀыкӀэкӀэ зэрыигъуэу зэрызырихьэ щӀыкӀэр иджыри псэлъэбзэ щымыухуэращи, мы макъхэр къызэрыхъуа щӀыкӀэхэм зэрыхуэигъуэу псалъэу зэрихьэу щыщӀидзари ″псэлъэбзэ″ жыхуэтӀэр ухуэу щыщӀидзэрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэщ. НэгъуэщӀыу жыпӀэмэ, псэущхьэм и гъащӀэр зэрызырихьэм ипкъ зэриткӀэ ″илъытэ″рэ ″акцэ, реакцэ, хьэрычэт″у къыпкъырыкӀхэм дищӀыгъуу -макъ къызхэгъэӀукӀын лъэкӀыныгъэ зыгъуэта- псэущхьэм къызыхигъэӀукӀ макъхэр -″м, хь, н″- иужькӀэ -псэлъэбзэр зэпкъырыувэу зэрыщӀидзэкӀэрэ- мы зыдищӀыгъуу къызэрыӀу ″лъытэ; акцэ, реакцэ, хьэрычэт″хэм теухуа мыхьэнэ –макъ мыхьэнэ- зыгъуэтрэ, псалъэи къызытехъукӀ макъхэу бзэм хэлэжьыхьу зэрыщӀидзэри гурыӀуэгъуэнщ.

*

ЗэрыжытӀауэ, мы зи гугъу тщӀа макъхэр псэущхьэм макъ къызхигъэӀукӀын пӀэщӀэдзэу -макъ къэхъуныгъэ пэщӀэдзэу- утыку къихьа макъхэрщи, псэущхьэм и гъащӀэр зэрихьым елъытауэ гулъытэ зыхуищӀрэ акцэ/реакцэу къыпкъырыкӀхэм дэщӀыгъуу къыхэӀукӀ макъхэу иджыри макъ мыхьэнэ зымыгъуэтауэ –мыхьэнэ пыухытыкӀа зимыӀэу-зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. ИкӀи, мы макъхэм мыхьэнэ щагъуэтынурэ псалъэ къызэрытехъукӀынури макъ къэхъуныгъэр къызэрыпыщэу макъыщӀэхэр утыку къихьэу псэущхьэми зыхуэныкъуэхэр зэрилъытэкӀэрэ хуэм хуэмурэ псэлъэбзэр ухуэрэ зэпкъырыувэу щыщӀидзэрауэ зэрыщытынури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, псэущхьэм макъ къызхигъэӀукӀын

лъэкӏыныгъэ зыгъуэта псэущхьэм и гъащӏэр зэрихьым теухуауэ къыпыщӏэхуэхэр зэрилъытэрэ реакцэ зэрыхуигъэлъагъуэм дэщӏыгъуу къыхэӏукӏ мы макъхэр иужькӏэ мы зыдэщӏыгъуу къэӏуу щыта лъытэнрэ реакцэ е акцэхэр щхьэжу зылъытэ макъхэу псэущхьэм зэрихьэу зэрыщӏидзэкӏэрэ мы макъхэм –мы зэрыигъуэу- мыхьэнэ зэрагъуэтрэ икӏи игъуэ псалъэхэри къазэрытехэъукӏри гурыӏуэгъуэщ.

Дауи, утыку къызэрихьарэ псэущхьэм зэрызырихьэу икӏи -псэлъэбзэр зэрыухуэрэ зэрыужьым елъытауэ- иужькӏэ ягъуэт мыхьэнэрэ псалъэуи зэрыухуэхэм теухуауэ мы ипэкӏэ зи гуъу тщӏа макъхэр ″пэщхъынэ″рэ ″къурмакъей″р зи къэхъупӏэу зэрыщытри гурыӏуэгъуэщи, нытӏэ, ″хь″ макъым хуэдэ къэхъукӏэрэ и къэхъупӏэгъуу -″къурмакъей″р зи къэхъупӏэу- утыку къихьэ нэгъуэщӏ макъхэри (хьӏ, h) зэрыщыӏэм нэмыщӏ, тхьэмбылым къикӏыж жьыр псэущхьэм хуиту къызэрыжьэдэкӏкӏэрэ утыку къихьэу ″макъзешэ″ къалэни зыгъэзащӏэ ″макъ ӏуэр″хэм я къэхъупӏэри ″къурмакъей″рауэ зэрыщытыр гурыӏуэгъуэщ. Мыпхуэдэу ″макъ ӏуэр″рэ ″макъзешэ″ пэщӏэдзэу утыку къихьа ″ы″ макъым къыкӏэлъыкӏуэ ″э″ макъ нэужьми мы къызкӏэлъыкӏуэ макъым хуэпэзадэ къэӏукӏэ зыгъуэта ″и″ макъыр икӏи ″къурмакъей″м ищхьэ лъэныкъуэм екъурэ текъузэу утыку къихьа макъыу лъытапхъэщи, мыри макъ къэхъуныгъэр ″къурмакъей″м ищхьэ лъэныкъуэм хущӏэкъуу зэрыщӏидзарауэ лъытапхъэщ.

Арощи, ″макъ къэхъуныгъэ″р ″къурмакъей″м ищхьэ лъэныкъуэм мы зэрыхущӏэкъум утыку къыригъэхьар ″къ″ макърощи, ″къурмакъей″ нэужьу мыбдежыр макъ къэхъупӏэу ″макъей″рэ ″тэмакъ″у зэрылъытари гурыӏуэгъуэщ; ауэ икӏи, мыбы ипэ къихэу макъ къэхъупӏэу тлъыта ″къурмакъей″ри мыбдежыр ″макъей″уэ мы зэрылъытам къызэрытехъукӏари гурыӏуэгъуэщи, езым ипэ макъ къэхъупӏэу щыта ″къурмакъей″р ″макъей″м елъытауэ мы къызэрыӏуэтари, псэлъэбзэр зэрыухуэрэ зэрызэпкъырыувэм теухуауэ ипэкӏэ къэтӏуэтахэм зэрезэгъри гурыӏуэгъуэнщ.

Мы къэтӏуэтахэми къызэрыхэщу, ″къ″ макъыр мы ″макъ къэхъупӏэ″рэ ″платформэ″р -″тэмакъ″ыр- зэӏузыха макъыу зэрыщытым елъытащ ар бзэм зэрыхэлэжьыхь щӏыкӏэри, ″къежьапӏэ″рэ -иужькӏи- ″кӏуэдыпӏэ″ зэрылъытэ макъыу зэрыщытри гулъытапхъэщ. ″Къ″ макъым къыкӏэлъыкӏуэу макъ къэхъупӏэр ищхьэ лъэныкъуэмкӏэ -жьэ кӏуэцӏым- зэрыхуэунэтӏми ″щхьэж макъ″ гуэрхэри (кхъ, хъ, гъ) утыку къыригъэхьащ. Ауэ икӏи, мы макъ къэхъуныгъэр жьэ кӏуэцӏым зэрыхунэсари бзэгу лъэдакъэр зыгъэхьейуэ утыку къихьауэ лъытапхъэ ″жь″ макърауэ жыӏэпхъэщ. Мы макъхэри мы къызэрыхъуа щӏыкӏэм теухуауэ мыхьэнэ зэраӏэу бзэм зэрыхэлэжьыхьри гурыӏуэгъуэнщи, нытӏэ, ″жь″ макъри увыӏэгъуэ зимыӏэу ″хьэрычэт″ зэрылъытэ макъыу зэрыщытри адыгэбзэ лэжьэкӏэм къызэхэщри мыбдежым къыщыхэгъэщыпхъэщ.

Мы зэрыжытӏауэ, ″жь″ макъкӏэрэщ ″бзэгу″ жыхуэтӏэ ″лъэ″м -″орган″ым- ″хьэрычэт″ игъуэту ″макъ къэхъупӏэ″ зэригъуэтар; ауэ, мыбдежыр макъ

"тэмакъ/макъей" псалъэхэм хуэдэу "макъ къэхъупIэ"у зэрымылъытари наIуэщи, нытIэ, псэлъэбзэм хиубыдэ макъ нэхъыбэм я къэхъупIэу щыт мы органыр "бзэгу"у мы зэрылъытам щхьэусыгъуэфI иIэуи къыщIэкIынщ.

Аращи, мы огранырр "бзэгу"у мы зэрылъытар псэлъэбзэм лъабжьэрэ лъэгу хуэхъу "лъэ"уэ –"орган"у- е псэлъэбзэм игурэ "псэлъэбзэгу"у - бзэгу"у- зэрыщри гурыIуэгъуэнщ. Мы ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, макъ нэхъыбэм я къэхъупIэу щыт "бзэгу"р макъ къэхъупIэу мылъытарэ "псэлъэбзэ къэхъупIэ"у –"бзэгу"у- мы зэрылъытам и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэу жыIэпхъэщ. Аращ икIии, "бзэгу"м къыщыхъу "макъ"хэр мы къызэрыхъуа щIыкIэу занщIэу "псэлъэбзэ"м зэрыхэхьэу "псалъэ"у –"макъ псалъэ"у- зэрыухуэмрэ, –я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ- занщIэу "макъыбэ псалъэ" зэрыухуэри гурыIуэгъуэщи, нытIэ, адыгэбзэм мыбдежыр "бзэгу"у зэрилъытам –икIи бзэ куэдми мыпхуэдэ мыхьэнэ зиIэу псалъэкIэрэ зэралъытам- и лъабжьэрэ щхьэусыгъуэри мы органыр -бзэгур- макъ къэхъупIэм къыщымынэу псэлъэбзэр занщIэу щыухуэ щIыпIэу зэрылъытапхъэрагъэнщ.

*

НытIэ, мыхэри къыхэдгъэща нэужь, щыгъуазэ дызыхуэхъуну "тхьэ" псалъэм хиубыдэ "т" макъми и къэхъупIэр "бзэгу"рауэ зэрыщытри мыбдежым щыжытIэнщ. ЗэрыжытIауэ, "бзэгу"р "макъ къэхъуныгъэ"рэ икIи "бзэ ухуэныгъэ"у зэрызэIухар "бзэгу лъэдакъэ"м къыщыщIидзэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, бзэгу лъэдакъэм мы къыщIидза макъ къэхъуныгъэр бзэгупэрэ Iупэм нэгъунэ "бзэгу"м дэтхэнэ и зы щIыпIэм макъхэр къыщыхъуу мы зэрызекIуэм зы макъ гупу "т" макъри зыхэзыубыдэу бзэгупэ лъэныкъуэр зи къэхъупIэ "д, т, тI" макъхэри утыку къохьэр. ИкIи, бзэгупэ лъэныкъуэр зи къэхъупIэу зэрыщыткIэ, мы макъ гупыр бзэгум къыщыхъу макъхэм я иужьрей гупхэм щыщуи лъытапхъэщ.

Дауи, япэрей ди лэжьыгъэхэми щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ, мы гупым хиубыдэ "д" макъыр лъэщыгъэрэ куэдагъи зылъытапхъэрщи, ар мыпхуэдэу щыт дэтхэнэ гуэрыр зэрылъытэ макъ мыхьэнэ зиIэрщ; дэтхэнэ гуэрыр "д"уэ мы зэрылъытам и кIуэцIым ирищIэу ар зыгъэбагъуэ хъугъэ лIэужьыгъуэри "тI" макъыущ зэрылъытар; икIи, "д"уэ лъыта дэтхэнэ гуэрым щхьэщыкIри –щхьэщыкIыныгъэри- зэрылъытэр "т" макъкIэрэщ.

ИпэкIи зэрыжытIауэ, дэтхэнэ зы макъыр къызэрыхъуа щIыкIэу зы макъ мыхьэнэ лъабжьэ зиIэу щытмэ, "т" макъым и мыхьэнэ лъабжьэри мы зэрыжытIауэ "щхьэщыкIыныгъэ"рщ. НытIэ, дэтхэнэ гуэрым щхьэщыкIыныгъэр зэрылъытапхъэрщ "т" макъри, "тхьэ" псалъэм хиубыдэ "т" макъри мы и мыхьэнэ лъабжьэкIэрэ "хьэ"м щхьэщыкIыр зэрылъытэу псалъэм ищхьэм къыпыхьауэ жыIэпхъэщ. Мыпхуэдэу ухуа "тхьэ" псалъэри "макъ зэгуэт" жыхуэтIэхэр зэрызэпкъырыувэ щIыкIэу зэрыщытыр нэрылъагъущи, "макъ зэгуэт"хэр мы зэрызэпкъырыувэ щIыкIэу "хьэ" псалъэм ипэ къыува "т" макъыр "макъ эффект"у къызэрыIуущ зэрыхиубыдэр. Мыпхуэдэу зэрыщыткIи, "тхьэ" псалъэм

хиубыда ″т″ макъыр къызэрыхъуа щIыкIэм теухуауэ макъ мыхьэнэ лъабжьэу зэрыхиубыдэри наIуэщ. Аращи, ″тхьэ″ псалъэм зэреджапхъэр ″хьэ″м щхьэщыкIыныгъэущ (т).

– ″Тхьэ″ псалъэм мы и зэпкъырыувэкIэр ″щхьэ″ псалъэм хуэдэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, ″тхьэ″ псалъэр ″хьэ″м щхьэщыкI зэрылъытэу; ″щхьэ″ псалъэри ″хьэ″р щыIэгъуэрэ щыIэкIэу зэрылъытэ псалъэу зэджапхъэхэрщ.

Ауэ, ″т″ макъыр къызэрыхъуам теухуа мы и мыхьэнэ лъабжьэм нэмыщI, ар бзэм зэрыхэлэжьыхькIэрэ зы мыхьэнэ маржи зыгъуэта макъырщи, нытIэ, ″т″ макъым мы и мыхьэнэ гуэркIи псалъэхэм зэрыхэплъэгъуэнур гурыIуэгъуэнщ. Аращи, ″щхьэщыкIыныгъэ″ зылъытэ мы и мыхьэнэ лъабжьэм къыкIэлъыкIуэу угъуэтыпхъэ зы мыхьэнэри ″щхьэщыт″ зэрылъытапхъэрщ; икIи ″щхьэщыт″у лъытапхъэри зыщхьэщытым елъытауэ къарууфIэу зэрылъытэфынури гурыIуэгъуэнщ. Бзэ лэжьэкIэм ″щхьэщыт″рэ мыпхуэдэу зэрыщыткIи ″къарууфIэ″ зэрылъытэу щызэрызекIуапхъэм нэмыщI, ″хьэ″м ищхьэм къыпыхьа ″т″ макъыр ″хьэ″м ″щхьэщыкI″у мы зэрылъытам къыщымынэу, иужьрей зэманыгъуэхэми ″хьэ″м ″щхьэщыт″рэ ″къарууфIэ″уи еджапхъэ зэрыхъунури гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ икIи ″щхьэщыкIыныгъэ″р -мы псалъэми къызэрыхэщу- ищхьэ лъэныкъуэм теухуауэ зэрыщытыр гурыIуэгъуэщи, нытIэ, дэтхэнэ гуэрым ищхьэ лъэныкъуэм теухуауэ щымыту ибгъу е и щIыбым пхырыкIрэ пкъырыкIыу, зы гуэрым и щIыбагъым хуэкIуэу, унэтIыныгъэ зыгъуэт ″хьэрычэт″ри ″т″ макъымкIэ лъытапхъэнщ. Нэхъ IупщIыу жыIэпхъэмэ, зы гуэрым ″субъект″ым езым къыпкъырыкIыу унэтIрэ кIуэуэ –нэгъуэщI гуэрым хуэкIуэу- щыт зы ″хьэрычэт″ри а ″субъект″ым и зы щхьэщыкI зэрылъытэ ″т″ макъымкIэ лъытэу щIидзэфынщ. НытIэ, мыпхуэдэу утыку къихьэ ″хьэрычэт″ри ″т″ макъым и зы мыхьэнэуэ занщIэу ″макъ глагол″у зэрыухуапхъэри ″тын″ырщ. ИкIи, зы ″макъ глагол″у лъыта мы ″тын″ хьэрычэтыр зытеухуари –″субъект″ым мы къыпкъырыкIри- адыгэбзэм ″тын″рэ ″тыхь″у зэрылъытари гурыIуэгъуэщ. Ауэ, мы къызэрыIуэтами къызэрыхэщу, ″глагол″ лIэужьыгъуэу ″тын″ыр ″Iуэху глагол″у зэрыщытри гурыIуэгъуэщи, мы ″Iуэху глагол″ым и ″объект″ри ″тын″у –икIи ″тыхь″у- зэрылъытари наIуэщ.

″Iуэху глагол″ къэхъуныгъэм ипэ къихуэ глагол лIэужьыгъуэр ″езырыж глагол″у зэрыщытри мыбдежым дигу къыщыдгъэкIыжынщ. Дауи, ″тхьэ″ псалъэр къыщыхъуа зэманыгъуэхэм мы зи гугъу тщIы ″хьэ″ псэущхьэми ″Iуэху″ гуэрхэр къилэжьрэ къиIуатэу зэрыщытагъэнури гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, ″Iуэху глагол″у щыт ″тын″ыр ауэ къызэрыгуэкI зы ″Iуэху″ лIэужьыгъуэу зэрыщымытрэ, ″субъект″ым езым –и Iэ илърэ зэрыхуей щIыкIэуи- ″зыщхьэщигъэкI″ Iуэхугъуэу зэрыщыткIи иужьрей ″Iуэху глагол″хэм щыщуи лъытапхъэнщ. Аращ икIии, зы ″щIэн″ -консиенс-хуэщIарэ зэпэщ хуэныкъуэу лъытапхъэщ мы ″тын″ глаголыр утыку

къихьэн папщIи, нытIэ, мыпхуэдэ зы "Iуэху глагол" лIэужьыгъуэу щыт "тын"ыр ипэкIэ зи гугъу зэрытщIауэ "хьэ" псэущхьэм езым -и Iэ имылъу-езыр езырурэ щхьэщыкIыр зэрилъыта "тхьэ" псалъэми иужьыIуэкIэ утыку къихьауэ зэрылъытапхъэри гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, мыпхуэдэ зы "Iуэху глагол" лIэужьыгъуэу щыт "тын"ыр зы "макъ глагол"у занщIэу мы зэрыухуа "т" макъ мыхьэнэри "хьэ" псалъэм ищхьэм къыпыхьэу "щхьэщыкIыныгъэ" зэрылъытэ "т" макъ мыхьэнэм иужьыIуэкIэу зэрылъытари жыIэпхъэщи, "т" макъ мыхьэнэ маржым хиубыдэ мы макъ мыхьэнитI зэхуакум зэхъуэкIыныгъэ зэрыдэлъри гурыIуэгъуэщ.

ИпэкIэ гулъытэ зэрыхуэтIщIауэ, "глагол"рэ "цIэ" лIэужьыгъуэу мыхьэнитI зиIэ "тын" псалъэр нэгъуэщI псалъэм гуэхьэу утыку къихьэнури зы "псалъэ зэгуэт"у зэрыщытынур гурыIуэгъуэщи, зы "псалъэ зэгуэт"ри зэрыухуэну щIыкIэр зыхиубыдэ псэлъитIри къызэрыхэщу зэрыщытын хуейри гурыIуэгъуэнщ. ИкIи, -мы ипэкIи къэтIуэтахэри ди гурыIуэгъуэу- "тхьэ" псалъэм хиубыдэр "тын" глаголым и "глаголыпкъ"у "ты"уэ зэрыщымытым нэмыщI, мы "Iуэху глагол"ым (тын) и "объект" зэрылъытэ "цIэ" лIэужьыгъуэ "тын"уи зэрыщымытыххэнур наIуэщ. Аргуэру жыIэпхъэмэ, "тын" псалъэр зы "глагол"у е "цIэ"уэ дауи лъытэ, зы "цIэ" лIэужьыгъуэ псалъэмэ, а зэрыщыту; зы "глагол" лIэужьыгъуэ псалъэу щытмэ, и "инфинитив" формэу е и "глаголыпкъ"ущ зы "псалъэ зэгуэт"ым зэрыхиубыдэфынури, нытIэ, зы псалъэр и "эффект"кIэ "псалъэ зэгуэт"ым зэрыхэмылъытэнур наIуэщ. Мы псалъэм къыкIэлъыкIуэу аргуэру къыхэгъэщыпхъэмэ, зы "макъ зэгуэт"уи лъытапхъэ "тхьэ" псалъэм "макъ эффект"у хэплъагъуэ "т"ыр "макъ мыхьэнэ"уэщ зэрыхиубыдар.

НытIэ, "тын" псалъэмрэ "хьэ" псалъэр зэгухьэу "тхьэ"уэ зы "псалъэ зэгуэт"у зэрымыухуар наIуэщи, мы псэлъитIымкIэ зы "псалъэ зэгуэт" ухуэну щытатэмэ, зэрыухуэну щIыкIэр -а нэхъ примитиву- "тыхьэ"у е "хьэты(н)"уэ мы къызэрыIуу къыщIэкIынти, мыпхуэдэу ухуэнри "тын"ыр зэрыухуагъэну ипэкIэ зи гугъу тщIа зэманыгъуэми еплъытмэ, мы псалъэхэм зэрыхэт щIыкIэмкIэ илъытэр иримыкъуу зэрылъытэу ухуа псалъэхэуи лъытапхъэщ "тыхьэ"рэ "хьэты(н)" псалъэхэр.

Ауэ икIи, "тхьэ" псалъэр "т" макъыр и мыхьэнэкIэрэ "хьэ" псалъэм ищхьэм къызэрыпыхьэу зэрыухуари гулъытапхъэщи, "т" макъыр "хьэ" псалъэм къыкIэлъыкIуэу "хьэт"у ухуауэ щытатэмэ, абы узэреджэну щIыкIэри "хьэ-уэ щыт"рэ "хьэ-уэ зэхэт"ути, мы псалъэмкIи лъытэр - Адыгэми пыщIауэ ялъытэ- пэсэрей зы лъэпкъращ: "Хьэт".

ИпэкIэ къэтIуэтахэми къызэрыхэщу, псэлъэбзэр ухуэу щыщIидзэм макъ къэхъуныгъэри къызэрыпыщэр гурыIуэгъуэнщи, мыпхуэдэу утыку къихьэ макъхэр псэлъэбзэм илъытэну гуэрхэр зэрилъытэ щIыкIэу нэхъыбэу "псалъэ" лIэужьыгъуэхэу –"макъ псалъэ"хэу- утыку къызэрихьэгъэнухэри жытIагъащ. Псэлъэбзэр зэпкъырыувэу зэрыщIидзэрэ икIи зэрыужькIи - кIуэ пэтрэ- макъхэр зэрызэгухьэу "макъыбэ псалъэ"хэри утыку къызэрихьэнур гурыIуэгъуэнщи, нытIэ, макъхэр я мыхьэнэ лъабжьэм

теухуауэ занщIэу ″макъ псалъэ″у зэрыухуэм къыкIэлъыкIуэ псэлъэбзэ лъагъуэ Iыхьэри ″макъыбэ псалъэ″хэр утыку къызэрихьэм теухуауи лъытапхъэнщ. ИкIи, псэлъэбзэр зырызекIуэ мыпхуэдэ лъэужьрэ лъагъуэми макъхэр бзэм зэрыхэлэжьыхь мыхьэнэрэ къалэнхэри наIуэ къызэрищIри гурыIуэгъуэнщ. Арщи, мыпхуэдэ лъагъуэкIэрэ псэлъэбзэр зыхуэухуэ псэущхьэм ″щхьэж макъ″у ирикъун хуэдизыр къызхигъэIукIауэ щытмэ, къыпыщIэхуэ щIэ гуэрхэр зэрилъытэну макъ щыхуэныкъуэм дежи, мы къызхигъэIукIагъэххэ ″щхьэж макъ″хэр зэрызэгухьэкIэрэ псэлъэщIэхэри къигъэхъуну къыщIэкIынти, нытIэ, утыку къихьагъэххэ ″щхьэж макъ″хэр я мыхьэнэрэ къалэнкIэрэ зэрызэгуигъэхьэ ″макъ зэгуэт″хэр ″макъ зэгуэт псалъэ″хэуи зэрихьэу зэрыщIидзагъэнури гурыIуэгъуэнщ.

Мы къэтIуэтахэр тегъэщIапIэ зэрытщIыу адыгэбзэм ″тхьэ″ псалъэр щызэрыухуам дыхуэкIуэжмэ, мы зи гугъу тщIа лъагъуэм зэрытеухуари гурыIуэгъуэнщ ″тхьэ″ псалъэри утыку къызэрихьар. Арщи, ″макъ пэщIэдзэ″хэм щыщу утыку къихьа зы макъыу щыт ″хь″ыр къызыхэзыгъэIукI псэущхьэм езымрэ мыбы хуэдэ макъ къызыхэIукI нэгъуэщI псэущхьэхэри илъытэу зэрихьэу зэрыщыткIэрэ, къыпыщэ макъхэмкIэ ″псэлъэбзэ″ щыухуэ пэщIэдзэм щыхунэсым дежи, мы ″хь″ макъыр зы зэрызырихьэ щIыкIэм теухуауэ зы ″макъ псалъэ″у ″хьэ″уэ ухуауэ лъытапхъэщ. Мыпхуэдэ щIыкIэу ″щхьэж макъ″хэмкIэ ″макъ псалъэ″хэр ухуэу зэрыщIидзэкIэрэ ″макъ″ыщIэхэмкIэ ″макъ псалъэ″хэри зэрыбагъуэр гурыIуэгъуэнщ; ауэ икIи, мы ″щхьэж макъ″хэр псэлъэбзэм къиIуэтэнухэмкIэ иримыкъу щыщIидзэми, мы къызхигъэIукI ″щхьэж макъ″хэр зэрызэгухьэу ″макъ зэгуэт″рэ ″макъ зэгуэт псалъэ″хэри утыку къихьэу къызэрихьагъэнури гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, мы ″макъ зэгуэт псалъэ″хэм щыщу лъытапхъэрэ икIи я ухыпIэхэми хуэзэу лъытапхъэщ ″хьэ″ псалъэм ищхьэм ″т″ макъыр -къызэрыхъуа и мыхьэнэкIэрэ-къыпыхьэу ″тхьэ″ псалъэри утыку къызэрихьари, мы псалъэр -ипэкIи щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- ″хьэ″м щхьэщыкI жыхуиIэрщ.

Мы кхыпытщэжа псалъэхэмкIи ″тхьэ″ псалъэр утыку къызэрихьа лъагъуэмрэ икIи игъуэта мыхьэнэми щыгъуазэ дыхуэхъуауэ лъытапхъэщи, нытIэ, адыгэбзэм ″тхьэ″ псалъэр зэрыухуарэ зэрылъытэм теухуауэ къедгъэжьа Iуэхугъуэри зэфIэкIауэ лъытапхъэщ.

***

Мы къэтIуэтахэр ″псэлъэбзэ″р зэрыухуарэ ″хьэ″ псалъэмрэ ″тхьэ″ псалъэр къызэрыхъуам теухуащи, мыри хуиту къызэрымыхъуарэ псэущхьэм мыпхуэдэ лъагъуэм щызэрызэхъуэкIарэ и щхьэм къырикIуэу и фэм дэкIахэри зэрымымащIэр гурыIуэгъуэнщ.

Арщи, мы ипэкIэ къэтIуэтахэми къызэрыхэщу, псэлъэбзэр зыхуэухуауэ ″цIыху″ри къызытехъукIауэ мы зи гугъу тщIы ″псэущхьэ″м езым хуэдэу ″хьэ″уэ илъытэу щыта псэущхьэхэм къащхьэщыкIыу зилъытэу зэрыщIидзари къыриIу макъхэр зэрыбагъуэу ″псэлъэбзэ″р зэпкъырыувэу

зэрыщӀидзэм теухуащи, мыпхуэдэу зыщилъытами иужьыӀуэу лъытапхъэщ езыр "хьэ"уэ зылъыта псэущхьэм "цӀыху"у зыщилъытэжар.

Ауэ икӀи, езыр зызэрилъыта "хьэ" псалъэм щхьэщыкӀыныгъэ лъытэ "т" макъ къызэрыпыхьэу "тхьэ" псалъэр утыку къызэрихьам лъабжьэ хуэхъуари езым хуэдэу "хьэ" псалъэмкӀэ илъытэу щыта адрей псэущхьэхэм къащхьэщыкӀыу зызэрилъытэу щыщӀидзэ нэужьрауэ зэрыщытри гурыӀуэгъуэнщи, мыпхуэдэ зэхъуэкӀыныгъэри тыншу къызэрымыхъуагъэнури жыӀэпхъэщ.

Дауи, макъ къызыхэзыгъэӀукӀын лъэкӀыныгъэ игъуэту игъуэр къыщысым къызхигъэӀукӀа "хь" макъри псэлъэбзэ пэщӀэдзэм зы "псалъэ"у "хьэ"уэ зэрылъытамрэ, мы псалъэми "тхьэ" псалъэр къызэрытехъукӀахэм я зэхуакум зэманыгъуэшхуэрэ зэрыдэлърэ езыми зэхъуэкӀыныгъэшхуэ зэригъуэтари жыӀэпхъэнщ. Ауэ икӀи, макъхэр зэрызырихьэ щӀыкӀэхэр хроникэ зэрыхъукӀэрэ "псалъэ" жыхуэтӀэхэр утыку къызэрихьэу зы логие лӀэужьыгъуэу "псэлъэбзэ"р зэрыухуа мы лъагъуэми псэлъэбзэ "субъект"ым -"хьэ"м- "щӀэн" (консиенс) къыритрэ хуэухуэу зэрыщӀидзари гурыӀуэгъуэнщ.

Мы жытӀахэм адыгэбзэм и "щӀын"рэ "щӀэн" глаголхэм я зэпыщӀэныгъэр дигу къегъэкӀри, нытӀэ, п"щӀы"р зэманкӀэрэ п"щӀэ"уэ зэрыщӀидзэр зэрылъытэ мы зэпыщӀэныгъэм псэлъэбзэр зыхуэухуэ "хьэ"ми зы "щӀэн" (консиенс) къызэритри гурыӀуэгъуэщ; ауэ икӀи, "псэлъэбзэ"р мыпхуэдэ щӀыкӀэу кӀуэ пэтрэ лъэщ зэрыхъукӀэрэ "хьэ"м и "щӀэн"ри кӀуэ пэтрэ лъэщрэ зэпэщ зэрыхъури гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, псэлъэбзэр мыухуэ ипэ адрей псэущхьэхэм хуэдэу и гъащӀэрэ и псэр -и лъэрэ и лъынхукӀэрэ, и псантхуэкӀэрэ- зэрихьым нэмыщӀ, "псэлъэбзэ"р хуэухуэу зэрыщӀидзэкӀрэ лъэщ хъууэ щӀэзыдза и "щӀэн"ми и гъащӀэр зэрихьым теухуа къалэнхэр игъэзащӀэу зэрыщӀидзагъэнури жыӀэпхъэнщи, мыпхуэдэ щӀыкӀэуи –езым хуэдэу "хьэ"уэ илъыта адрей псэущхьэхэми- къащхьэщыкӀ зы щыӀэгъуэ зэригъуэтагъэгъэнури гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, и гъащӀэр зэрихьым теухуауэ и "щӀэн"ым къалэнышхуэ игъэзащӀэу мы зэрыщӀидзэкӀэрэ "хьэ"р адрей псэущхьэхэм - "хьэ"уи илъытауэ щытахэм- зэрыхуэмыдэжынури гурыӀуэгъуэщ. НытӀэ, мыпхуэдэ щӀыкӀэкӀи ди "хьэ"р натурал псэукӀэм емызэгъыжрэ -кӀуэ пэтри-пэжыжьэ хуэхъу зы псэукӀэм техьэу зэрыщӀидзагъэнури гурыӀуэгъуэнщ.

Ауэ икӀи, мы ипэкӀэ псэлъэбзэкӀэрэ ухуэрэ лъэщ хъууэ зи гугъу тщӀа "щӀэн"ыр "псэлъэбзэ" закъуэм теухуарэ хуэӀуауэ зэрыщымытыр гурыӀуэгъуэщи, макъ къызыхимыгъэӀукӀрэ псэлъэбзэри щыхуэмыхуэ ипэкӀи а псэущхьэм "щӀэн" иӀэу зэрыщытар гурыӀуэгъуэнщ. Аращи, адыгэбзэм мы и "щӀын"рэ "щӀэн" псалъэхэм я зэпыщӀэныгъэми зэрезэгъкӀэ, зыгуэр зыщӀым мы ищӀыр зэманкӀэрэ ищӀэрэ икӀи ищӀыфу/ищӀыжыфу зэрыщӀидзэри а псэущхьэм а ищӀыу щытам теухуа "щӀэн" зэригъуэтарауэ лъытапхъэщ.

Нытlэ, псэ зыlут дэтхэнэ гуэрым и гъащlэр зэрихьрэ зызэрихъуэмэм теухуауэ и кlуэцlым къыщыхъу е и щlыбым хуэгъэза и ″хьэрычэт″хэмрэ икlи гуауэрэ хуэфlыу къехъулlэхэри зэрызыхищlэу зэманкlэрэ мыбыхэм теухуа ″щlэн″и зэригъуэтыр гурыlуэгъуэнщ. Ауэ икlи, псэ зыlумытхэми я щыlэгъуэр зэрызекlуэ щlыкlэ –хабзэ- зэраlэр гурыlуэгъуэщи, нытlэ, мыпхуэдэхэри абыхэм я щыlэгъуэм теухуа ″щlэн″ яхэлъуауэ лъытэнри игъуэу къыщlэкlынщ.

Нэхъри дыхэlэбэмэ, щыlэгъуэ лъабжьэ зылъытэ ″щ″ макъым и lупщl зэрылъытэ макъырщ ″щl″ыри, щыlэгъуэм дэтхэнэ и зы щlыпlэр ″щlы″ лlэужьыгъуэу зэрыщыткlэ, щыlэгъуэр мы ″щlы″ лlэужьыгъуэу зэрызекlуэри ″щlын″ глаголкlэу лъытапхъэщи, езыр езырурэ мы зэрызекlуэу мэщlэ мащlэу мы щlыуэ щытми зэманкlэрэ ″щlэн″ -я ″консиенс″- къытехъукlыу жыlэпхъэнщ. Аращи, щыlэгъуэ зиlэм и щыlэгъуэр зэрихьрэ зэрыужь щlыкlэхэри къэхъу-къэщlыгъуэу ″щlын″ глаголкlэ къэlуэтапхъэмэ, мыпхуэдэри а ″щыlэ″м зэманкlэрэ ″щlэн″ хуэхъужу лъытапхъэщ.

Ауэ икlи, мы къэтlуэтахэми къызэрыхэщу, дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэм ″щlэн″ иlэу лъытапхъэми, къызхигъэlукl ″хь″ макъым игъэзащlэ къалэным теухуауэ ″хьэ″уэ зызылъыта псэущхьэм мы хуэухуэ ″псэлъэбзэ″мкlэрэ игъуэт ″щlэн″ыр зэрынэгъуэщlыр гурыlуэгъуэнщ. Мы зэрыжытlауэ, ″щlэн″ыр псэлъэбзэкlэрэ лъэщрэ зэпэщ хъуауэ лъытапхъэщи, псэлъэбзэм теухуа ″щlэн″ыр щыlэгъуэрэ гъащlэр зэрызекlуэу гъэзащlэхэм теухуа ″щlэн″ым щхьэщыкlыгъэшхуэ зэрызыхуиlэр гурыlуэгъуэщ. Аращи, и щыlэгъуэ ужьыгъуэкlэрэ макъ къызхигъэlукlын лъэкlыныгъэ зыгъуэта псэущхьэм къыриlу мы макъхэр я къэхъукlэм теухуа щыlэгъуэ лъытэкlэрэ зэрызырихьэу дэтхэнэ зы щыlэр илъытэу зэрыщlидзэкlэрэ ухуэ псэлъэбзэм мы илъытэхэм теухуауэ а псэущхьэм къыритыну ″щlэн″ыр мыбы ипэ ухуауэ тлъытэ ″щlэн″хэм -еплъытэн хуэимыгъуэу-къазэрыщхьэщыкlыр гурыlуэгъуэнщ.

Мы жытlахэмкlи зэрыгурыlуэгъуэу, къызхигъэlукl ″хь″ макъым теухуауэ ″хьэ″уэ зызлъыта псалъэщхьэм езым хуэдэу -″хьэ″уэ- илъытауэ щыта псэущхьэхэм иужькlэ къащхьэщыкlыу зызэрилъытэжари псэлъэбзэм къырита мы и ″щlэн″ым теухуауэ зэрыщтыр наlуэщ. Икlи, псэлъэбзэр зэрыужьрэ лъэщ зэрыхъум дищlыгъу ″щlэн″ри лъэщрэ зэпэщ хъууэ зэрыщытри гурыlуэгъуэнщи, мы илъабжьэм ″хьэ″м -иужькlи зызэрилъытэжа ″цlыху″м- теухуауэ зи гугъу тщlыну ″щlэн″ри ″псэлъэбзэ″м зэрытеухуари мыбдежым щыжытlэнщ.

*

Мы зэрыжытlауэ, мыпхуэдэ лъагъуэрэ зэхъуэкlыныгъэкlэрэ езым хуэдэу ″хьэ″уэ илъытэу щыта псэущхьэхэм къащхьэщыкlыу зызылъыта ″хьэ″м зыщыщу зилъытэу щыта псэущхьэхэмрэ икlи абыхэм ядэпсэууэ ихь натурал псэукlэми мы къызэрыгуэкlкlэ, езыр щхьэ закъуэу зилъытэжу, гузэвэгъуэрэ гужьеигъуэм зэрыхэхуагъэнур гурыlуэгъуэнщ. – Икlи,

мыбдежым щыжыlэпхъэщ ″хьэ″р зыхэхуа мы гузэвэгъуэрэ гужьеигъуэр нэхъыфlыу зыхэзыщlэнурэ къэзыlуэтэфну къыщlэкlынури Киркэгъар-рауэ зэрылъытапхъэр.

Дауи ″хьэ″м мы псэукlэрэ гъащlэ къекlуэкlыкlэр зыщыщу илъыта псэущхьэхэм къащхьэщыкlыу зызэрилъытакlэрэ мы зэригъэкlуэдами къызэрыхэкlкlи, зыми пымыщlарэ щымыщу зызэрилъытэж мы шынагъуэшхуэрэ гугъуехьыгъуэшхуэм къыхуихьауэ жыlэпхъэщ икlэм икlэжым езыми -″хьэ″ми- щхьэщыкl (т) зэрылъытэу ″тхьэ″ псалъэри макъыбзэкlэрэ зэрыхуэухуарэ зэриухуар. Мы зэрыжытlауэ, ″хьэ″ псалъэм ″тхьэ″ псалъэр къызэрытехъуклар ″макъыбзэ″ лэжьэкlэм теухуауэ зэрыщытым нэмыщl, икlи мы ″псэлъэбзэ″кlэрэ ухуауэ зи гугъу тщlа ″щlэн″ым зэрилъытэ щlыкlэу -тlэкlуи- ″хьэ″м иухуауэ лъытапхъэщ.

Дауи, псэлъэбзэкlэрэ ″хьэ″м хуэухуэ мы ″щlэн″ыр иджыри лъэщ дыдэ щымыхъуарауэ лъытапхъэщ езым щхьэщыкl зэрылъытэ ″тхьэ″ псалъэр утыку къыщихьагъэнури, мыпхуэдэу псэлъэбзэр иджыри ныкъуэ ухуэу зэрыщытым къызэрыхэкlкlэ, ″тхьэ″ псалъэр ″щlэн″ иримыкъурэ ″щlэн″ ныкъуэкlи ухуауэ лъытапхъэщи, нытlэ, ″макъыбзэ″ лэжьэкlэр зэрызекlуэм нэмыщl, икlи ″хьэ″м мы и ″щlэн″ lуэхуи зыхэлъу ухуауэ лъытапхъэ ″тхьэ″ псалъэр ″хьэ″м функционалу щхьэщыкl зэрылъытэ зы псалъэрщ. Аращи, ″тхьэ″ псалъэр ″хьэ″м къыщхьэщыкl зэрылъытэу мы зэрыухуа щlыкlэр икlи ″щlэн″ lуэху зыхэмылъу лъытапхъэ ″хьэ″ псалъэр ″хь″ макъым теухуауэ зэрыухуам хуэдэу функционалуи лъытапхъэщ. Аращи, псэущхьэ гуэрхэри езым хуэдэу ″хьэ″уэ зылъыта ди псэущхьэм псэлъэбзэ зэрыхуэухуэкlэрэ -псэлъэбзэми теухуа- ″щlэн″и игъуэту щыщlидзэм деж, езыр адрей псэущхьэхэм къащхьэщыкlыу зызэрилъытэр жытlагъащи, мыбы ещхьуи лъытапхъэщ -иужькlэ- езыми щхьэщыкl зэрилъыта ″тхьэ″ псалъэри утыку къызэрихьа щlыкlэр. Нытlэ, мы жытlахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуищlщи, мы псалъэхэр -″хьэ, тхьэ″- мы щыухуагъащlэм ″онтологие″ лlэужьыгъуэу мылъытапхъэу зэрыщытри гурыlуэгъуэщ.

Аргуэру жыlэпхъэмэ, езым хуэдэу ″хьэ″уэ илъыта псэущхьэхэм къащхьэщыкlыу мы зызэрилъытэкlэрэ, зыщыщрэ и гъащlэр зэрихь натуралыгъуэр мы зэрыфlкlуэдакlэрэ ″хьэ″м и закъуэу зилъытэжу, гузэвэгъуэрэ гуузыгъуэу мы къыхуэкlуарэ зыхэхуам и зы хэкlыпlэращ –и ″щlэн″ми и фlыгъэкlэ- езым щхьэщыкl зэрилъытэу ″тхьэ″ псалъэр къызэрыжьэдэкlари, ар япэу мы зэрыухуагъащlэу фунционал къалэн зиlэу лъытапхъэми, иужькlэ -кlуэ пэтрэ- езым ″щхьэщыт″уи зэрылъытэу, езыри къэзыгъэщlа къарууфlэуи илъытэу зэрыщlидзагъэнуращ нобэрей ″Тхьэ″ лъытэкlэм хуэкlуэ лъагъуэри зэрызэlухар.

Мы къэтlуэтахэми гурыlуэгъуэ къызэрытхуащlыу, езы ″хьэ″м щхьэщыкl зэрылъыта ″тхьэ″ псалъэр утыку къыщихьар псэлъэбзэр иджыри зэрыхъун мыхъуауэ зэрыщытым ипкъ зэриткlэ, ″хьэ″м иlэ илърэ ″щlэн″ зэпэщкlэ зэрымыухуар гурыlуэгъуэщи, икlи, ″хьэ″м езым ″щхьэщыкlын″ыгъэр ″щхьэм къырикlуэ lуэху глагол″ лlэужьыгъуэу

зэрыщытри гулъытапхъэщ. Ауэ, езыр зэрилъыта щIыкIэу "хьэ"уэ илъытауэ щыта псэущхьэхэм иужькIэ къащхьэщыкIыу зызэрилъытар "езырыж глагол" -къыщхьэщыкIын- лIэужьыгъуэрщи, икIи мыпхуэдэу зэрилъыта щIыкIэр "псэлъэбзэ"кIэ хуэухуа и "щIэн"ыр япэу къызэрыщхьэпауи лъытапхъэщ.

Дауи, ипэкIи щыгъуазэ дыхуэхъуагъащ адыгэбзэм -иужьыIуэкIэ-илъытауэ зи гугъу тщIа "фIэщ хъун" глаголри "щхьэм къырикIуэ Iуэху глагол"у зэрыщытми, нытIэ, "Тхьэ"р Адыгэм зэрилъытэ закъуэр "фIэщ хъун" Iуэхугъуэу мы зэрылъытэм хуэдэу зэрыщытыр гулъытапхъэщ "тхьэ" псалъэри "хьэ"м езым "щхьэщыкI"у –"езым щхьэщыкIын"- "щхьэм къырикIуэ Iуэху" лIэужьыгъуэу мы зэрыухуари.

Ауэ, "тхьэ" псалъэм иужьыIуэкIэ утыку къихьа "цIыху" псалъэр псэлъэбзэр зэрыхъун хъуауэ щылъытапхъэу "хьэ"м и "щIэн"ри зэпэщ щыхъуарауэ лъытапхъэрщ щыухуари, ар макъыбзэм и лэжьэкIэу ауэ икIи "хьэ"ми и "щIэн"ым зэрилъытапхъэу, "хьэ"м ищIэу илъыта зы псалъэу лъытапхъэрщ; икIи, "цIыху"м и глагол формэри -цIыхун- "Iуэху глагол" лIэужьыгъуэу зэрыщытри гулъытапхъэщ.

*

Мы къэтIуэтахэм аргэуру къыпыщапхъэмэ, ипэкIи къызэрытIуэтауэ, зы лъэныкъуэкIи, псэущхьэм къызыхигъэIукIа "хь" макъыр зы псалъэу "хьэ"уэ зэрылъытам хуэдэу лъытапхъэщ езыми -"хьэ"ми- щхьэщыкIыр зэрылъыта "тхьэ" псалъэри; мы тIури функционал къалэн зыгъэзащIэу ухуа псалъэхэрщи, щыIэгъуэ лъытэу –"онтологие"у- мылъытапхъэхэрщ.

НытIэ, адыгэбзэм "тхьэ" псалъэр утыку къызэрихьа щIыкIэр мыпхуэдэщи, мыр икIи "Тхьэ"р "онтологие"у зэрымылъытапхъэм теухуауэ Кант –ипэкIэ къыхэдгъэщауэ щыта- и еплъыкIэм зэрезэгъри наIуэщ. Ауэ икIи, "тхьэ" псалъэр мы зэрыухуагъащIэу, -ипэкIэ щыгъуазэ дызэрыхуэхъуауэ- Адыгэм "Тхьэ"р "фIэщхъуныгъэ"м нэмыщI зэримылъытэу зэрыщытам/зэрыщытми зэрезэгъри гурыIуэгъуэщ.

Езым хуэдэу "хьэ"уэ илъытауэ щыта псэущхьэхэм -езым хуэухуэ мы псэлъэбзэм къырит "щIэн"кIэрэ- къазэрыщхьэщыкIым гулъытэ хуэзыщIа "хьэ"м езыми щхьэщыкIри -"т"- функционалу зэрилъытар гурыIуэгъуэщ. Ауэ, мы езым (хьэ) мы щхьэщыкIыр (т) зэрылъытэр (тхьэ) "щыIэгъуэ"м езырауэ лъытапхъэмэ, мыпхуэдэм деж, мы "тхьэ" псалъэмкIэ илъытэр зы космикэ "Тхьэ"уэщ зэрылъытапхъэри, "Тхьэ"р мыпхуэдэу зылъытэхэри - Спинозэ деж къыщIидзэу- зэрымымащIэр гурыIуэгъуэнщ.

Ар щхьэ, "Тхьэ"р "фIэщхъуныгъэ" закъуэкIэ лъытэ Адыгэмрэ и бзэм - адыгэбзэм- мыпхуэдэ лъытэкIэр зэрыхуэимыгъуэри гурыIуэгъуэнщ. НытIэ, щыIэгъуэ лъабжьэ зэрылъытэ "щ"ым зы "зэман пыухытыкIа"кIэрэ (Iэ) зыщигъэлъагъуэущ адыгэбзэм и "щыIэ" псалъэр зэрыухуэри, -"зэман" жыхуэтIэми кIэ зэриIэри зы лъэныкъуэщ- ауэ, "щыIэгъуэ"м хиубыдэ зы "щыIэ"р лъытэнымрэ, "щыIэгъуэ"м езыр лъытэныр -зэман кIэщIрэ нэхъ кIыхьу щытми- зэхуэдэу "зэман пыухытыкIа" лIэужьыгъуэу лэжьэкIэ зиIэу

зэрыщытхэри гурыIуэгъуэщ. НытIэ, ″Тхьэ″р ″щыIэ″у е ″щыIэгъуэ″м езырауэ лъытэным щхьэщыкIыныгъэшхуэ зыхуаIэкъыми, ″зэманыгъуэ″м елъытарэ теухуауэ мы лъытэкIэхэр ″Тхьэ″ лъытэным зэремызэгъынур гурыIуэгъуэнщ. Ауэ икIи, ″Тхьэ″р ″щыIэ″р къызытехъукI лъабжьэу, зэманыгъуэм (Iэ) зыщигъэлъагъуэу щыIэрэ щыIэгъуэ къызытехъукI ″щ″ыуи лъытэныр адыгэбзэм и ″фIэщхъуныгъэ″ лъытэкIэм зэремызэгъыххэри гурыIуэгъуэнщ.

Ауэ, ″хьэ″м функционалу мы щхьэщыкIыныгъэр зэрылъыта ″тхьэ″ псалъэр иужькIэ ″хьэ″м ″щхьэщыт″уи зэрылъытэжарэ, ″хьэ″ри зи ″инает″кIэ къэхъуауи зэрылъытэ еплъыкIэхэр -ипэкIэ зи гугъу тщIа бзэхэм хуиту щызекIуэу зэрыщытыр гурыIуэгъуэ щхьэ- ″Тхьэ″м мыпхуэдэ зы ″онтологие″пIэ етыныр Кант зэримыдэххэри мыбдежым щыжытIэжынщ.

*

ЗэрыгурыIуэгъуэу, ″хьэ″м иужькIэ зызэрилъыта псалъэрщ ″цIыху″ри, мы ″цIыху″ псалъэм и мыхьэнэми ущеплъым деж, ар антропологием ″хьомо сапиенс″у илъытарауэ къыщIэкIынщ; нытIэ, цIыхум ипэ къихуэу зызэрилъытэжу щыта ″хьэ″ псалъэри ″хьомо ерэктус″рэ ″хьомо хьэбилис″ жыхуиIэхэр зэрылъытэ псалъэу лъытапхъэщ.

Дауи, ″хьэ″р езым хуэдэу илъытауэ щыта псэущхьэхэм къащхьэщыкIыу зилъытэжу зэрыщIидзэм дэIэпыкъуэгъу хухъуа и ″щIэн″ри хэтыжу макъыбзэ лэжьэкIэу зэрыухуар гурыIуэгъуэщ ″хьэ″м езыми щхьэщыкI зэрилъыта ″тхьэ″ псалъэр. Ауэ икIи, ″хьэ″м иужькIэ зызэрилъыта ″цIыху″ псалъэри ″тхьэ″ псалъэми иужьыIуэкIэ утыку къихьауэ зэрыщытри гурыIуэгъуэнщ.

ИпэкIи зэрыжытIауэ, ″хьэ″ псалъэмрэ икIи абы къытехъукIа ″тхьэ″ псалъэр утыку къызэрихьагъащIэу ″онтологие″ лъытэкIэ яхуэмыфащэу щытами, ″псэлъэбзэ″ри зэпкъырыувэу зэрыхъун хъуауэ щылъытапхъэ зэманыгъуэхэм ″хьэ″м и ″щIэн″ри лъэщ щыхъуарауэ лъытапхъэщ ″цIыху″ псалъэр -″онтологие″ мыхьэнэи зэриIэкIэрэ- утыку къыщихьагъэнур. Аращи, ″хьэ″м езым ″цIыху″у зилъытэжын щIэхъуар псэущхьэрэ щыIэу хъуами къащхьэщыкIрэ ″щыIэгъуэ″ зиIэхэм я нэхъыщхьэу, ″щыIэгъуэ″ми и нэхъ лъэгапIэ ″сфер″ыр зи щыIэпIэу зыщилъытэжарауэ жыIэпхъэщ. НытIэ, мы ″цIыху″ псалъэмкIэ зызэрилъыта ″щыIэгъуэ″ позицэр ″щыIэгъуэ гущIыIу″р зи ″щыIэпIэ″ущи, абдежыр икIи ″щыIэгъуэ ужьыгъуапIэ″у ″щыIэгъуэ гъунапкъэ″рщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткIэ ″щыIэгъуэ ухыпIэ″рщ ″цIыху″м мы и ″щыIэгъуапIэ″ри, нытIэ, ″щыIэгъуэ″м щыщрэ ″щыIэгъуэ гъунапкъэ″у ″мыщыIэ″ри зи гъунапкъэр ″цIыху″ псалъэмкIэ лъыта мы щыIэгъуапIэр. Аращи, мыпхуэдэ ″онтологие″ мыхьэнэ зиIэрщ ″цIыху″ри, ар ″щыIэм щыщу (″щыIэ″у) мыщыр (цIы) зыху″рщ.

″ЦIыху″ псалъэр мы и мыхьэнэкIэрэ икIи ″экзистенцэ″ -existence- псалъэми еплъытэ хъуну жыIэпхъэщи, икIи ″экзистенсиалист″хэм – ″existentialist″хэм- ″цIыху″м и щыIэгъуэр зэралъытэр ″экзистенцэ″ - ″existence″- лIэужьыгъуэщ. Аращи, щыIэгъуэ щIыбрэ мыщыр зэрылъытэ

"цIы"мрэ ар зэры"ху"р зэрылъытэ "цIыху" псалъэмрэ "экзистенцэ" - existence- псалъэр зэплъытэ хъунщи, "existence" псалъэр "ex-ist-ence"у зэрызэпкъырылъым зэреджапхъэри мыпхуэдэу лъытапхъэнщ: «"щыIэгъуэ щыб"у (ex) "щыIэ"у (ist) къекIуэкI/щыт (енсе)».

Мы ипэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, "цIыху"м и "щыIэгъуапIэ"р "щыIэгъуэ гъунапкъэ"у икIи "цIы" -мыщ- зы"ху"урщи, "щыIэ"рэ "мыщыIэ" лъэныкъуитIри зи гъунакъэ щыIэгъуэ позицэ зиIэ "цIыху"р "цIы хун" лъэныкъуэкIэ "щыIэгъуэ щIыб"рэ "мыщыIэ"р -"мыщ"ыр- зыхуу зэрыщыткIэ, "щыIэгъуэ"р зымылъытэ "щыуапIэ"ри къызыпэщытырщ цIыхури, "цIы"р зэрыхукIэрэ "цIы"м "пIэ" игъуэту, "щыIэгъуэпцI"рэ "щыIэгъуэ нэпцI"и зылъытапхъэрщ. Мыпхуэдэу зэрыщыткIэ, цIыхур - сытым дежи- "нихьилизмэ"р къызыпыщэт щыIэгъуэ зиIэрщ. Ауэ икIи, мы и "щыIэгъуапIэ"кIэрэ "цIыху"м -фIэкIыпIэ имыIэу- къыпэщыт лэжьыгъэр "цIыхун"ращи, мыри "щыIэгъуэ"р и "гъунапкъэ"кIэрэ -"зыдэщымыIэ"кIэрэ- "хун" Iуэхугъуэу "щыIэгъуэ"р зэрылъытэ щIыкIэрщ. Аращи, и щыIэгъуэ позицэкIэ "онтологие"у "щыIэгъуэ"рэ дэтхэнэ зы "щыIэ"ри -зыдэщымыIэ лъэныкъуэкIэрэ- утыку къилъхьэн "Iуэху глагол"щ "цIыхун"ри, мыри "нихьилизмэ"м зэрыхэмыкIуэдэну и хэкIыпIэрщ. НытIэ, и щыIэгъуэм къызэриткIэ, "цIыхун"ыр зи лэжьыгъэр "цIыху"ми, зыцIыхур зымыцIыхум елъытауэ нэхъ цIыхуу зэрылъытапхъэу, зэрицIыхукIэрэ цIыхур нэхъри цIыхушхуэ хъууэ зэрыкIуэнури жыIэпхъэнщ. – Мы къэтIуэтахэми щыткIи Ницшэ дигу къызэригъэкIыр гурыIуэгъуэщи, икIи абы жиIахэм елъытауэ нэхъ лъабжьэрэ кууагъ зиIэуи лъытапхъэхэрщ.

Ауэ икIи, зы псэущхьэ лIэужьыгъуэу щыIэгъуэ зиIэ "цIыху"р -мы ипэкIэ зэрыжытIауэ- "щыIэгъуэ гущIыIурэ гъунапкъэр зи щыIэпIэу, щыIэгъуэ ухыпIэри къызпэщытырщи, нытIэ, мыпхуэдэ щыIэгъуэ позицэкIи цIыхур щыIэгъуэр зэрызекIуэрэ зэрыужьыр икIи зэрыухыр зылъытапхъэу зэрыщытым папщIи, -"цIыху"м лэжьыгъэу къыпэщыри "цIыхун"рауэ зэрыщыткIэ- "цIыху"р щыIэу хъуам теухуа пщэрылъи зиIэрщ. Аращи, щыIэгъуэ зиIэу икIи щыIэгъуэ ухыпIи къызгурыIуэфыну позицэр зи щыIэгъуэу щыт цIыхум пщэрылъ къыхуэхъур щыIэуэ хъуар зэрицIыхунрэ къызэрыгурыIуэнращ; икIи, и "псэлъэбзэ"мрэ и "щIэн"ри –щIэныгъэри- щыIэгъуэм езэгърэ гъащIэри зыгъафIэу игъэлэжьэнрэ игъэужьыныр зи пщэрылъытрщ. – НытIэ, ипэкIэ Сартр-рэ экзистэнциалист философхэм цIыхур щхьэхуитыныгъэ зиIэу зэрыщытым ипкъ зэриткIэ, ищIрэ къилэжьыр пщэрылъ къыхуэухъу зэралъытэм нэхъри лъабжьэрэ кууагъ зэрагъуэту лъытапхъэрщ адыгэбзэм цIыхур мы зэрилъытэу къэтIуэтахэр.

Дауи, мыбдежым ди Iуэхур зытеухуар гурыIуэгъуэщи, мыпхуэдэ гупщысэхэр кIыхь тщIынкъым. ИкIи, "тхьэ" псалъэр "хьэ"м къызэрытехъукIа щIыкIэмрэ иужькIи игъуэта лъытэкIэхэмкIэ бзэм щызэрызекIуари гурыIуэгъуэщ. Ауэ икIи, "хьэ"р езым щхьэщыкI зэрылъытэу хуэухуа/иухуа "тхьэ" псалъэм елъытауэ зэрымыухуари гурыIуэгъуэщ иужькIэ "хьэ"м езыр зызэрилъытэжа "цIыху" псалъэр; икIи,

езыр ″цӀыху″у зыщилъытам щыгъуэр ″хьэ″м и псэлъэбзэмрэ и ″щӀэн″ыр лъэщрэ зэпэщ хъуауэ зэрыщытагъэнури гурыӀуэгъуэнщ.

*

″Хьэ″м езым щхьэщыкӀыр ″тхьэ″ псалъэмкӀэ щилъитам щыгъуэ, мы щхьэщыкӀыныгъэм къыригъэкӀри наӀуэ дыдэу лъытапхъэкъыми, мыпхуэдэу щилъытагъащӀэм езым иӀэ къимыхьрэ хузэфӀэмыкӀхэри щхьэщыкӀыу илъытэуи щытагъэнщ. Аращи, натуралу езым и Ӏэ имылъррэ къыгурымыӀуащэу утыку къихьэ къэхъу-къэщӀ лӀэужьыгъуэхэр; уае къызэрыхъу, уэш къызэрешрэ уэс къызэресыр, е уафэу зыдэплъеим илъагъуэу –пп: вагъуэхэм- зылъэмыӀэсын хуэдизу жыжьэу щытхэр езым щхьэщыкӀыныгъэу илъытэу щытамэ, нытӀэ, ″хьэ″м къыхэкӀа дэ цӀыхум нобэ мыхэр къызэрыдгурыӀуэрэ икӀи а жыжьагъэхэр нэхъ гъунэгъуу зэрытлъагъуфри гурыӀуэгъуэщ; икӀи, къигъэунэхуарэ иухуа технологиекӀэрэ цӀыхур нобэ уафэм щилъагъуу щыта а щӀылъэхэм зекӀуэ ежьэу къызэрыщӀидзари гурыӀуэгъуэнщ.

НытӀэ, ипэкӀи зэрыжытӀауэ, ″тхьэ″р щилъыта нэужьыӀуэу ″хьэ″м ″цӀыху″у зызэрилъытэжар -щыӀэм ″щыӀэгъуэ гъунапкъэ″у щыщрэ ″мыщ″ри зы″ху″у зэрылъытар- зэрыигъуащэр нобэ нэхъыфӀыу къыдгурыӀуэу жыӀэпхъэщ.

Аращи, иджыри дызынэмысауэ щыӀэгъуэ щӀыпӀэхэри щыӀэми, нэ дызэриӀэ лъандэрэ ди щӀылъэм пэжыжьэ щӀылъэрэ вагъуэхэр долъагъу, къыдгуроӀуэ. Нобэ мыхъуми, зэ, мы тлъагъухэм дызэрынэсын гугъэи диӀэщ; икӀи, щыӀэгъуэ жылэми дынэсу, и кӀуэцӀри къэтпщытэу зэрызэпкъырылъри икӀэ нэгъунэ зыгурыдгъэӀуэн лъагъуэми дытетщ.

Ауэ, дэ тлъагъурэ тлъытэхэм дэри далъагъуу дызэралъытэфынур гурыӀуэгъуэнщи, дэ дызэрыщыӀэрэ ди щыӀэкӀэхэр, къэдлэжьрэ дгъахъэхэр зэрыщыту щыӀэгъуэ псом –″космос″ым- хуокӀуэ, нос, лъоӀэс. Дэ дызэплъррэ тлъытэ щӀыпӀэхэм къыдэплъррэ къытпэплъэ зэрыщыӀэм теухуа ди гурыщхъуэр мыужьыхыу кӀуэ пэтри нэхъ лъэщ зэрыхъури гурыӀуэгъуэщ. – Зы космикэ ″Тхьэ″м и нэӀэ къыттетуи жыӀэпхъэнщ.

ЦӀыху фӀэщхъуныгъэрэ дин лъэныкъуэкӀэ дэ дызэрыщыӀэрэ къэдлэжьхэри дыкъэзгъэщӀа ″Тхьэ″м илъагъуу зэрыщытрэ, икӀи дызэрыщыӀэрэ ди лэжьыгъэхэм теухуа хьисэп етынми зыхуэдхьэзырын хуейуи жаӀэ.

Дауи лъытэ, мы ипэкӀэ зэрыжытӀауэ, дызэрыщыӀэрэ къэдлэжьхэр щыӀэгъуэ псом щызокӀуэ. ИкӀи, щыӀэгъуэрэ джыгъуэм зэ щыджыр увыӀэгъуэ зимыӀуэ джыуэ зэрыщытыр макъыбзэу ухуа адыгэбзэм теухуауэ япэрей ди лэжьыгъэхэми къызэрыхэщми дызэрыщыгъуазэм хуэдэжу, ″цӀыху″ псалъэм теухуауэ мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀахэри наӀуэщ; мыбыхэм нэмыщӀ, мы ипэкӀэ зи гугъу тщӀа философхэм –нэхъыбэуи ″экзистиалист″хэм- цӀыхум теухуауэ къаӀуатэхэмрэ пщэрылъ къытхуэхъуу ялъытэхэри гурыӀуэгъуэщ.

Зи гугъу щӀыпхъэ куэдщ, ауэ, кӀыхь тщӀынкъым.

Ипэкlэ адыгэбзэм къыдгуригъаlуэхэми дызэрыщыгъуазэу, икlи нэхъыбэри къыпыщапхъэнщ, ауэ, мыпхуэдэхэм теухуауэ зы бзэм нэхъыбэ сыт къыбжиlэн. Сыти жыlэ, дэтхэнэ зы щыlэгъуэ зиlэр хъууэ кlуэрщи, зы увыlэпlэ зимыlэу зэрызэхъуэкlкlэрэ щыlэу щытщ сытри, лъытэгъуейщ, гурыlуэгъуейщ. Мыпхуэдэщ "хьэ"уэ зыщилъыта лъандэрэ зэхъуэкlыныгъэ игуэту цlыхури къызэрыгъуэгурыкlуэри, и псэлъэбзэми хуэlуауэ -мы къикlуэ лъагъуэми- щигъуэта "щlэн"ыр игъэлажьэрэ гупщысэу щытыхункlэ бэлыхь лажьэм хэтщ цlыхури, сыти жыlэ, зыхуримыкъущ... - Дэнэ мыгъуэ дыкlуэжын.